O'ZBEKSTAN RESPUBLİKASI XALIQ TA'LİMİ WA'ZİRLİGİ

A'JİNİYaZ ATINDAGI NO'KİS MA'MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

«PEDAGOGİKA» FAKULTETİ

«Su'wretlew o'neri ha'm injenerlik grafikası» kafedrası

«Su'wretlew o'neri ha'm injenerlik grafikası» ta'lim bag'darı

«Su'wretlew o'neri ha'm injenerlik grafikasın oqıtıwdın' metodikası ha'm a'meliyatı» pa'ninen

# *O'ZBETİNShE JUMISI*


Orınlag'an: 3 b kurs talabası: S.Reymbaeva

Qabıllag'an : J.Darmenov




No'kis–2016

# ***TEMA: SU`WRETLEW O`NERİ SABAQLARINDA PREDMETLER ARA BAYLANIS***

## ***J O B A :***

**Kirisiw**…………………………………………………………………………...3

1. Su`wretlew o`nerin oqıtıwda didaktikalıq printsipler…………………….........6

**Tiykarg`ı bo`lim**

1.Su`wretlew o`neri sabag`ının` basqa pa`nler menen o`z-ara baylanısının` tiykarg`ı belgileri…………………………………………………………………18

2. Su`wretlew o`nerinin` oqıw, miynet, ta`biyat, sabaqları menen baylanısının` ta`rbiyalılıq a`hmiyeti…………………………………………………………….22

**Juwmaqlaw** ……………………………………………………………………...25

**Paydalanılg`an a`debiyatlar**…………………………………………………………26

# KIRISIW

Ma`mleketimiz g`a`rezsizlikke erisken beri ha`mde usı da`wirdi bekkemlew jolında o`zinin` basınan keshirip atırg`an siyasiy ha`m ekonomikalıq o`zgerisler jag`dayında xalıq bilimlendiriwi tarawında do`retiwshi, estetikalıq ha`m etikalıq ma`deniyatlı bolg`an jas a`wladtın` jetilisip shıg`ıwı ha`m rawajlanıwı za`ru`r. Jas a`wladtı ko`rkemlik jaqtan kamalg`a keltiriw, Ana jerimizge -Watang`a ha`m milliy ko`rkem o`nerimizge sadıqlıq ruwxında ta`rbiyalap o`siriwde su`wretlew o`neri pa`ninin` ornı o`z aldına a`hmiyetke iye. Bul o`z na`wbetinde pedagogikalıq ha`m ka`sip-o`ner kolledjlerinde alıp barılatug`ın arnawlı pa`nlerdi teren` ha`m mazmunlı bolıwın ko`zde tutıp oqıtıwshılar moynına u`lken wazıypalardı qoyadı. Sonlıqtanda bu`gingi ku`nimizde u`lken bilimlendiriw haqqındag`ı nızamda ko`rkem ta`rbiyanı ha`r ta`repleme rawajlandırıwg`a ayırıqsha itiar qaratılg`an. Mine usı wazıypalardın` biri-bu`gingi jaslarımızg`a qanday ta`rizde , qanday jol menen ta`lim-ta`rbiya beriw ma`selesi bolıp esaplanadı. Bul a`lbette olardın` aynala-a`tirapqa ha`m du`n`yag`a bolg`an ko`z-qarası menen tıg`ız baylanıslı. Jaslardın` (oqıwshılardın`) a`dep-ikramlılıq ha`m estetikalıq ta`rbiyaların izertlew, ol u`stinde bas qatırıw bir qansha paydalar keltiriwi so`zsiz. Egerde ko`z aldımızg`a keltirip ko`retug`ın bolsaq ja`miyetimizde ha`m turmısımızda su`wretshiliktin` tutqan ornının` qay da`rejede eenligin faktler tiykarında ko`remiz.

Bizin` monumental iskusstvo salasında a`melge asırg`an ja`ne bir u`lken jumısımız teberik za`miynimizde tuwılıp erjetken ha`m ma`n`gi uyqıg`a ketken ullı a`ziz-a`wliyelerimizdin` esteliklerine yadgarlık komplekslerin tiklegenimizde ko`rindi. Atap aytqanda, Buxarada Abdulxaliq G`ijduvaniy ha`m Bahawiddin Naqshband, Samarqandta İmam Buxariy ha`m İma`m Maturidiy, Marg`ulanda Burxaniddin Marg`inoniy, Tashkent sha`ha`rinde Hazrati İmom sıyaqlı estelik komplekslerin jarattıq. Xalqımız turmısında teren` iz qaldırg`an, bu`gingi ku`ni shın ma`nisinde muqaddes zıyarat orınlarına aylang`an bunay kompleksler ruwhıy du`n`yamızdı joqarı ko`teriwge u`lken u`les bolıp qosıldı, desek ha`r ta`repleme tuwrı boladı.

Sonın` menen qatar elimizde monumental iskusstvo tarawın rawajlandırıw boyınsha aldımızda ko`plegen wazıypalar turg`anlıg`ın atap o`tiw lazım. Sonın` ishinde, bul salada da zamanago`y do`retiwshilik mektep jaratıw, usı maqsette ken` ko`lemde pikirleytug`ın a`yyemgi tariyxımız, milliy ta`biyatımızdı teren` biletug`ın, o`zi jaratıp atırg`an obrazdın` barlıq o`zgesheliklerin en` a`wele ju`reginen, qa`lbinen o`tkerip do`retiwge uqıplı bolg`an jetik skul`pturlar ha`m arxitektorlardı ta`rbiyalaw aktual ma`sele bolıp tur.

İlimiy jaqtan su`wretlew o`nerine talqılaw jasasaq ol ha`r qıylı tu`rlerge ha`m janrlarg`a bo`linip ketedi.

Bul janrlar tu`rler de o`z na`wbetinde mayda bo`limlerge, tu`rlerge, usıl ha`m metodlarg`a ajıratıladı. Ulıwma su`wretlew o`neri ren`li su`wret, grafika, mu`sinshilik, dekorativ qol o`neri, arxitekturag`a bo`liw arqalı, usı tu`rlerge say janrlarg`a duslasamız. Olarg`a tiykarınan portret natyurmort, peyzaj, turmıslıq

janr, tariyxıy janr, batal janrı (urıs ko`rinisinin` su`wretleniwi), animal jan`r (haywanlar, quslar h.t.b. su`wretleniwi) marinistlik janr (ten`iz ko`rinisin su`wretlewshiler) bolıp bo`linedi .

Su`wretlew o`nerine itibar beretug`ın bolsaq, onın` adamzat tariyxında payda bolıwı, rawajlanıwı isleniw usılları, ren`lerde boyalıwı ha`m o`zine ta`n o`zgeshelikleri, oqıtılıwı ta`lim-ta`rbiyalılıq ma`seleleri haqqında toqtap o`temiz.

Su`wretlew o`neri ko`nlikpelerin rawajlandırıw protsessinde oqıwshılardın` ko`rkemlik talg`amları, sezim-tuyg`ıları ha`m ideyalıq fantaziyaları, oylaw pikirlewleri qa’liplesedi.

***-kurs jumısı` aktuallıg`ı:***

Ulıwma ta`lim beriw mekteplerin qayta qurıwdın` tiykarg`ı bag`darlamalarında ayrıqsha dıqqat oqıwshılardın` estetikalıq ha`m ko`rkem ko`z-qarasın qa`liplestiriw ma`selelerine, su`wretlew o`neri arqalı jeke adamnın` garmonikalıq jaqtan qa`liplesiwine qaratılg`an.

Sonın` ushında mekteplerde unamlı ko`z qarastı ta`rbiyalaw eki bag`darda a`melge asırıladı:

1)Oqıwshılardı su`wretlew ha`m a`meliy o`ner do`retpeleri menen tanıstırıw protsessinde.

2)Oqıwshılardın` do`retiwshilik, a`meliy jumıs orınlaw protsessinde.

Su`wretlew o`neri oqıwshılarda ko`rkem ha`m milliy ma`deniyatın` tu`rlendiriwge xızmet qıladı. Ol mazmunı jag`ınan su`wretlew, dekorativ, arxitektura usag`an tu`rlerin o`z ishine aladı. Su`wretlew o`nerin ha`r ta`repleme u`yreniw arqalı, oqıwshılardın` sana-seziminde, ta`lim-ta`rbiyasında ko`rkem ma`deniyatlılıqtı ko`rkem bilimlerdi qa`liplestiremiz.

***-kurs jumısının` maqseti ha`m wazıypaları:***

Ulıwma ta`lim beriw mekteplerinde su`wretlew o`nerinin` pa`ninin` maqseti ha`m wazıypaları tiykarınan ba`rkamal a`wladtı, ka`mil insandı ha`mde olardın` ko`rkem ma`deniyatın, ruwxıy du`n`yasın qa`liplestiriwge ha`m rawajlandırıwg`a qaratılg`an.

Su`wretlew o`neri ha`r bir insan ushın za`ru`rli bolg`an ko`rkem ma`deniyatqa baylanıslı elementar a`piwayı bilim ha`m ko`nlikpeler beredi. Sonday-aq su`wretlew o`neri oqıwshılardı estetikalıq jaqtan, siyasiy-ideyalıq, a`dep-ikramlılıq ha`m miynet boyınsha ta`rbiyalawdı a`melge asırıwda olarg’a wliwma ta`lim beriw mekteplerinin` swretlew o`nerinin` arnawlı ta`lim-ta`rbiyalıq wazıypalarının` qatarına to`mendegilerdi kirgiziwge boladı.

-oqıwshılarda aynala a`tirapımızdag`ı, qorshag`an ortalıqtag`ı zatlarg`a ha`m ha`diyselerge estetikalıq qatnas jasawdı payda etiw, olarda go`zzallıqtı seze biliwge, shınlıqtı tu`siniwge ha`m turmısta qollanıwg`a u`yretiw;

-ko`rkem ma`deniyat ko`rinisleri ha`m olardın` ja`miyet turmısındag`ı rolin tu`siniwin rawajlandırıw;

-oqıwshılarg`a realistlik su`wret salıwdın` negizleri haqqındag`ı bilim beriw, olarda zattın` o`zine qarap su`wret salıw, tema tiykarında su`wret salıw, dekorativ

su`wret salıw ha`mde gu`rrin` o`tkeriw sabaqları boyınsha uqıp ha`m ko`nlikpelerdi payda etiw;

-oqıwshılarda su`wretlew ha`m a`meliy o`ner, sonın` menen birge arxitektura o`nerinin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri menen teren` tanıstırıp, olarda usı ko`rkem o`ner tarawları, haqqındag`ı tu`siniklerinin` o`siwine ja`rdemlesiw.

Su`wretlew o`nerinin` tiykarg`ı wazıypalarının` biri, bul oqıwshılarg`a estetikalıq, atap aytqanda go`zzallıq, ko`rkemlik ta`rbiya beriwden ibarat. Sonlıqtan estetikalıq ta`rbiya oqıwshılardın` ku`ndelikli turmısındag`ı, ta`biyattag`ı, ko`rkem o`nerdegi adamlardın` o`z-ara qatnasındag`ı go`zzallıqlardı tolıq tu`siniw uqıbın ta`rbiyalaw ha`m go`zzallıq nızamları tiykarında do`retiwshiliklerin o`siriwden ibarat. Sebebi go`zzallıq nızamları tiykarında do`retiwshiliklerin o`siriwden ibarat. Sebebi go`zzallıq oqıwshılardın` aqıl oyına, kewil ku`shine, erkine ta`sir jasap ruwxıy du`n`yasın bayıtadı.

***-izertlew metodikası ha'm metodları: ;***

Ulıwma ta`lim beriw mekteplerinde baslawısh klasslarda su`wretlew o`neri pa`nintn` basqa pa`nler menen o`z ara baylanısının` o`z-ara didaktikalıq tiykarların qollanıw metodı kiritilgen.

Baslawish klasslarda su'wretlew wo'neri sabag'in alip bariwda pa'nlerdin' o'z- ara baylanisi to'mendegi tig'iz baylanisqan aspektlerge iye boladi: (zatlarg'a, ko'z- qaraslar aspekt).

1.Su'wretlew wo'neri sabag'inda mekteptegi basqa pa'nler boyinsha aling'an uqip, ko'nlikpe, bilimlerdi qollaniw.

2.Su'wretlew wo'neri sabag'i boyinsha toplang'an bilim, uqipliliq ha'm ko'nlikpelerdi basqa sabaqlarda qollaniw.

***-izertlew na`tiyjelerinin` ilimiy ta`repten jan`alıq da`rejesi:*** jumıstın` na`tiyjesinde Ulıwma ta`lim beriw mekteplerinin` baslawısh klasslarında su`wretlew o`neri sabag`ının` basqa pa`nler menen o`z-ara baylanısı na`tiyjesinde oqıwshılardın` du`nya qarası, oy- o`risi, su`wret salıw barısında ta`lim –ta`rbiya, bilim ha`m ko`nlikpeleri sonday aq, su`wret sızıwdın` nızam ha`m qag`ıydaların u`yreniledi.

***-izertlew na`tiyjelerinin` a`meliy a`hmiyeti ha`m onı en jaydırıw:***

Su`wretlew o`neri shınıg`ıwların basqa pa`nler menen baylanıstırıwda oqıwshılarda shamalaw, o`lshem qatnasları ha`mde qag`azg`a durıs jaylastırıw yag`nıy komponovka, kompozitsiyalıq jaylastırıw, perspektiva nızam qag`ıydalarına boysınıp su`wret salıw qa`liplesedi. Sonday aq do`retiwshilik qa`bileti rawajlanadı.

***-jumıs du`zilisi ha`m quramı :***

Jumısımnın` ulıwma ko`lemi 3 bo`limnen ibarat bolıp bular. Kirisiw, tiykarg`ı, juwmaqlaw bo`limi. Ha`r bir bo`limde temanın` mazmunın ashıp ko`rsetiwshi kishi temashalar o`z ornın tapqan. Jumıs ilimiy-teoriyalıq ha`m a`meliy-metodikalıq xarakterde jazılıp, qosımsha reproduktsiyalar kiritilgen, son`ında paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi berilgen .

## ***1. Su`wretlew o`nerin oqıtıwda didaktikalıq printsipler***

O`tmishtin` ulli pedagoglari oqitiw menen ta`rbiyanin` birligin, oqitiwdin` shaxsta insaniy pa`ziyletlerdi qa`liplestiretug`inin ta`kirar-ta`kirar aytqan edi. Haqiyqatinda da oqitiw ta`rbiyasiz boliwi mu`mkin emes. Oqitiw protsessinde oqiwshilardi uliwma insaniy ha`m milliy paziyletler qa`liplesedi, ja`miyette qabil etilgen minez-quliq qag`iydalari negizinde jasawg`a, watandi su`yiwge, tuwg`an jerin qa`dirlewge ha`m xalqi ushin hadal miynet etiwge a`detlenedi. Oqitiw barliq waqitta ta`rbiyalawshi sipatqa iye boladi.

Oqiw jobasina kiritilgen gumanitarliq, ja`miyetlik ha`m ta`biyiy pa`nler oqiwshilarda joqari adamgershilikli paziyletlerdi qa`liplestiriwde u`lken mu`mkinshiliklerge iye. Olar arqali ta`rbiyaliq maqset iske asiriladi. Ha`r bir sabaktin` mazmuni, oni sho`lkemlestiriw tu`ri, qurallari, metodlari ha`m texnologiyalari oqiwshilarg`a ku`shli ta`rbiyaliq ta`sir jasaydi. Sabaqtin` ta`rbiyaliq mu`mkinshiliginde mug`allimnin` ta`siri ayriqsha ku`shke iye boladi. oqitiw protsessinde oqiwshilarda du`n`yag`a ko`z-qaras rawajlandiriladi, aqil, a`dep-ikramliliq, estetikaliq, miynet, dene, huqiq ta`rbiyasi beriledi. Ta`rbiya oqitiw menen birgelikte jetik insandi ta`rbiyalaug`a xizmet etedi, milliy ideya, milliy g`a`rezsizlik ruwxinda ta`rbiyalawg`a ja`rdemlesedi. Ilimitsy bilimlerdi iyelew du`n`ya qubilislarina, ta`biyat ha`diyselerine, adamnin` oylaw imka`niyatina duris qatnasiq jasawg`a u`yretedi, ilim ko`z-qaras, isenim payda etedi, jamiyet turmisina jedelli qatnasiwg`a ko`nliktiriledi.

Ruwxiy a`dep-ikramliq ta`rbiyada oqitiw protsessinin` imka`niyatlari og`ada bay. Mug`allim menen oqiwshi, oqiwshi menen oqiwshi arasindag`i qarim-qatnas, oqitiw protsesin uyimlastiriw, mug`allimnin` bilimdanlig`i ha`m pedagogikaliq sheberligi, jan`a pedagogikaliq texnologiyani qollap sabaq o`tiwi oqiwshilardi joqari ruwxiyliqti, a`dep-ikramliliqti jemisli ta`rbiyalawdin` tiykari. Oqiw pa`nlerin u`yreniw arqali oqiwshilar tuwilg`an u`lkemizdin` dan`qli o`tmishin, baxitli bu`gingi ku`nin, jarqin keleshegin bilip aladi. adamlardin` qaharmanliq isleri, ta`biyat suliwlig`i, minez-quliq go`zzallig`i, ja`miyet turmisi, ilim-pa`nnin` jetiskenlikleri, texnika, texnologiya ha`m ma`deniyattin` rawajlaniwi, xalqimizdin` tariyxi, u`rp-a`detleri ha`m da`stu`rleri menen tanisadi. O`zligin, ata-babasinin` kim bolg`anin tu`sinip aladi. oqiwshilardi ta`rtiplilik, sho`lkemleskenlik, turakliliq, o`z betingshelik, do`retiwshilik, juwapkershilik, qiyinshiliqti jen`iwi, hadalliq, ras so`zlilik ha`m basqa qa`siyetler jetisedi. Oqitiw protsesinin` oqiwshilardi ta`rbiyalawdag`i usi u`lken mu`mkinshiliklerinen sheber paydalaniw mug`allimnin` a`diwli minneti.

Su’wretlew o’nerin` turmis penen o`z-ara baylanistiriw printsipi. Bul printsip bizin` milliy pedagogikamizdin` jan`a mazmundag`i negizgi nizami, da`wir talabi. Onin` talaplarin turmisqa asiriw ma`mleketlik bilimlendiriw standartin jaratiwdan`, oqiw jobasin, oqiw bag`darlamasin, sabaqliqdardi, oqiw qollanbalarin jan`asha du`ziwden ha`m oqitiw jumislarina jan`a pedagogikaliq texnologiyani engizip tu`pkilikli o`zgeris jasawdan baslanadi. G`a`rezsizlikke, erkinlikke eriskennen keyin buring`i mektepler milliy mektepler bolip qayta qurildi, oqiw pa`nleri milliy mazmun menen bayitildi, ta`rbiya bosla uliwma insaniy ha`m milliy bag`dar aldi.

Ma`mleketlik bilimlendiriw standarti, oqiw bag`darlamasi tiykarinda oqiwshilarg`a ja`miyet qubilislavri, ta`biyat ha`diyseleri, zat ha`m qubilislar jo`ninde ken` tu`rde bilim beriledi. Laboratoriya, kabinet, mektep ustaxanasi ha`m mektep qasi qiytag`inda ha`r tu`rli teoriyaliq-ameliy jumislar islettiriledi. Ilim-pa`nnin` xaliq xojalig`inda qu`diretli ku`sh ekenligine isenimi arttiriladi. Sabaq protsessinde ha`m o`ndiriste oqiwshilar tu`rli –tu`rli a`sbap-u`skeneler, priborlar, mashinlar, komp`yuter, internettin` atqaratug`in xizmetlerin, aldin`g`i texnologiyaliq protseslerdi baqlaydi ha`m o`zleride og`an jedelli aralasadi. Na`tiyjede olar teoriyani a`meliyat penen, bilim aliwdi, ilimdi turmis penen baylanistirip alip bariwg`a u`yrenedi, uliwma ha`m arnawli miynet eplilik, ko`nlikpelerin o`zlestiredi. Mug`allim bergen bilim menen shegeralanbastan turmis, miynet, a`meliy xizmet negizinde buring`i bilimlerin ken`eytiwge umtiladi.

Ha`r bir mug`allim o`zinin` pa`nin oqitqanda oqiwshilarg`a ilimnin`, ilimdegi jan`aliqlar, jan`a texnika ha`m texnologiyalardin` teoriyaliq ja`ne a`meliy a`hmiyetin ken` tu`sindiriwi za`ru`r. Olar xaliq xojalig`inin` ha`m ilimnin` qanday tarawlarinda qollanilatug`inin isenimli da`liller, aniq misallar menen u`yretiw oqiwshilarda ilim-pa`nge qizig`iw oyatadi, bilimdi sanali ha`m bekkem o`zlestiriwge ja`rdem beredi. Teoriya a`melityasiz o`li, a`meliy teoriyasin soqir degen juwmaqtin` ma`nisin ug`ip aladi. Sonda g`ana teoriyaliq bilimler oqiwshilardin` is-ha`reket qollanbasina, miynetinin` ilimiy negizne aylanadi.

Oqiw pa`ninin` ha`m onin` ha`r bir temasinin` o`zgesheligi, mu`mkinshiligine qaray oqiwshilar xalqimizdi dan`qli o`tmishi, bay tariyxi, ma`deniyati, u`rp-a`deti, da`stu`rleri, bu`ging`i ga`rezsizlik, erkinlik zamaninda erisken jaynag`an tabislari, qaynag`an miyneti ha`m du`n`ya jan`aliqlari menen tanistiriladi. Xaliq xojaligin`in` tu`rli salalarina ekskursiyalar uyimlastiriladi, alimlar, o`n`diris aldin`g`ilari, oylap tabiwshilar, ma`deniyat xizmetkerleri menen ushirasiwlar o`tkeriledi. Olardin lektsiyalarin tin`laydi, bayanlamalarin esitedi, aqil-ken`esin u`yrenedi. Bulardin` ha`mmesi oqitiwdi turmis, teoriyani a`meliyat penen baylanistiriw printsipin a`melge asiriwdin` jarqin misali bolip tabiladi.

Oqitiwdin` ilimiylik printsipi. Bilimlendiriw Nizaminin` 1-bo`liminin` 3-stat`yasinda bilimlendiriw tarawinda ma`mleket siyasatinin` tiykarg`i printsipleri belgilengen. Onin` besinshi printsipinde «bilimlendiriw sistemasinin` du`n`yaliq xarakterde ekenligi» atalg`an. Demek ma`mleketlik ha`m ma`mleketlik emes mektepler (diniy mektepler bug`an kirmeydi) dinnen pu`tkilley ajiratilip du`n`yaliq xarakterde boladi, ta`lim-ta`rbiya jumislari din menen baylanissiz ju`rgiziledi, oqiwshilar ilimiy bilimler menen kurallandiriladi. Olardin` negizinde du`n`ya qubilislarina, ta`biyat qubilislarina, adam psixikasina ilimiy ko`z-karas qa`liplestiriledi. Ilimiy ko`z-qarastin` negizi, baslamasi baslawish klass oqiwshilarinda qa`liplesedi.

Oqitiwdi ilimiylik printsipi oqitilatug`in pa`nlerge, pa`nler boyinsha beriletug`in bilim mazmunina ha`m oqitiw metodlarina qatar talaplar qoyadi. Ma`mleketlik bilimlendiriw standartina muwapiq bilim mazmunina shin ma`nisindegi ilimiy bilimler kiritiliwi tiyis. Oqiwshilardin` aqil-oyi ha`diyse, ha`diyseden onin` ma`nisine, ma`nisinen ja`ne de terenirek ma`nisine, qubilistin`

ishki baylanislarin ashiwdan zat ha`m qubilislardin` payda boliwi ha`m o`zgeriwine qaray rawajlandiriwi da`rkar.

Zat ha`m qubilislardin` ma`nisin, ishki baylanislarin, rawajlaniw nizamliqlarin bilim, ilimiy teoriyalar menen qurallaniw oqiwshilardi adam aqilinin` ha`m ilimnin` ob`ektik barliqti biliwdegi qu`diretine isenim payda etedi.

Misali, su'wretlew o'neri pa`ninde oqiwshilardi grafikaliq tayarlawdin` tiykarg`i ma`selesi-olardi su'wretti oqiwg`a u`yretiw bolip tabiladi. Oqitiwdin` bunday bag`dari, oqiwshilardi materialliq o`n`diriste ta`jiriybeli iskerlikke tayarlawdi ku`sheytiwdin`  za`ru`rligi menen aniqlanadi.

Pedagogikaliq a`debiyatlarda «su'wretti oqitiw» tu`siniginde ha`r qiyli ma`nistegi ha`m ha`tteki diametral qarama-qarsi pikirler tabiladi.

Birazlari bul tu`sinikke ken` ma`nis ha`m mazmun beredi, ko`p diqqat awdaradi. Ja`ne birewleri kerisinshe, bul tu`sinikte barinsha qisqa waqit ajiratadi.

Su'wretti oqip u`yreniw –bul oqiwshilardi ko'rinistegi su`wretlengen predmetke da`l so`zbe-so`z xarakteristika beriw qa`biletligin rawajlandiriw bolip tabiladi. Baslawish klasslarda ele ko`rsetilmegen predmetti tayarlaw ha`m qadag`alawg`a za`ru`r bolg`an barliq berilgenlerdi aniqlawg`a jetisiwge bolmaydi. Su'wretti oqiwg`a u`yretiwdin` da`slepki basqishlarinda qosimsha ko`rgizbeli tirek kirgiziw maqsetke muwapiq ha`mde oqiwshilardin` aldina olardin` oylaw iskerligin jedellestiriwdi talap etiwshi ma`seleler qoyadi. Usinday metodikaliq usillarg`a real predmetlerdi  (predmetlerdi sizilmasi boyinsha tabiw) paydalaniw joli menen su'wretlerdi oqiwg`a, ko`rgizbeli a`piwayilastirilg`an ha`m basqa da ko`rinistegi shinig`iwlar  juwap

Bunday shinig`iwlardin` didaktikaliq bahalig`i  sonnan ibarat, olar su`wretlengen predmetlerdin` ken`isliktegi qa`siyetlerin ko`rsetiwdi jen`illetip g`ana qoymastan, sonin` menen qatar sizilmada berilgen qalg`an informatsiyalardi da jaqsi qabid etiwdi ta`miyinleydi.

Su'wretti oqiw protsesinde qollaniwg`a bolatug`in shinig`iwlardi tolig`iraq keltirip o`temiz.

1.Predmetti (naturada) sizilmasi boyinsha izlew.

2.Ko`rgizbeli ko`rinisti sizilmasi boyinsha izlew.

3.Su'wretti ko`rgizbeli ko`rinisi menen salistiriw.

4.Ha`r qiyli ken`isliktegi hallarda ko`rsetilgen birdey predmetlerdi olardin` su'wreti boyinsha tabiw.

Su'wretti oqiw-bul oqiwilardin` ha`r bir etapin bekkemlewge za`ru`r bolg`an shinig`iw. Onin` formalari ha`r qiyli : sabaq barisindag`i qisqa waqitli shinig`iwlardan, barliq sabaq barisindag`i uzaq dawam etken shinig`iwlarg`a shekem.

Sonin` menen qatar oqitiwdin`  da`slepki etaplari ko`rgizbeli tirekti engiziw tiykarinda oqiwshilardi oqitiwdin` tiykarg`i ma`selelerin sheshiwge o`tiwge boladi-su'wretti oqiwg`a, tuwri usillardi qa`liplestiriwge ha`m a`sirese oqiwdin` izbe-izliligine.

Geypara oqiwshilar bir qarag`annan  su`wretlengen predmettin` figura ha`m formasin usiniw ha`m onin` o`lshemlerin aniqlawg`a umtilatug`inlari bayqalg`an. Basqa birewleri ekinshi da`rejeli ma`seleden, yag`niy ele prdemettin` formasin

bilmey turip-aq olardin` o`lshemlerin qarastiradi. Geyde oqiwshilar bir ko`rinisti, basqa ko`rinisler menen salistirmay qarastiradi. Bunday «su’wretti oqiw» dan son` qa`dege muwapiq olarda su`wretlengen predmet haqqinda toliq ha`m aniq tu`sinik bolmaydi.

Mug`allimnin` jumisi –oqiwshilardin` su’wretti oqiwda aniq bir oylaw izbe-izligin qa`liplestiriw, yag`niy su’wretti oqiw sistemasin qa`liplestiriw bolip tabiladi.

Ilimiylik printsipin a`melge asiriw oqiwshilardi ilimiy biliw metodlari menen qurallandiriwdi da maqset etedi. Bul oqiwshilardin` ilimiy bilimlerdi sanali o`zlestiriwine ja`rdem beredi, ilim-izertlew jumislarina ko`nliktiredi. Mug`allim oqiwshilardi izertlew, bilim xizmetine tartiw menen baqlaw, salistiriw, tu`rlerge bo`liw, uliwmalastiriwg`a u`yretip baradi, o`z betinshe izertlew jumislarina ko`nliktiredi. ma`selen, joqari klasslarda ta`jiriybe jumisi, meteorologiyaliq baqlaw, topiraqti izertlew, ilimiy ekspeditsiyag`a qatnasiw, u`lkeni izertlew, u`lke tariyxin u`yreniw t.b.

Mug`allimnin` o`zi oqitatug`in pa`nnin` ilimdegi jan`aliqlarin sistemali u`yrenip ha`m olar menen oqiwshilardi tanistirip bariwda oqitiwda ilimiylik printsipinin` talabina kiredi.

Oqitiwda sistemaliliq ha`m izbe-izlik printsipi. Oqitiwda sistemaliliq printsipi mug`allimnin` bilim, eplilik, ko`n`likpelerdi u`yretiwi ha`m oqiwshilardin` o`zlestiriwi qatan` ta`rtipte boliwin talap etedi. Oqitiwda izbe-izlik printsipi bolsa keyingi bo`limlerdin` aldin`g`i bo`limlerden keyin u`yreliniwinin` logikaliq tiykarlang`anlig`in, keyingi bilimlerdin` aldin`g`i bilimlerden kelip shig`iwin, og`an negizleniwin ko`zde tutadi. Ma`mleketlik bilimlendiriw standarti, oqiw jobasi, oqiw bag`darlamasi, sabaqliqlar ha`m oqiw qollanbalari sistemaliliq ha`m izbe-izlik negizinde du`ziledi. Oqiw jobasina kiritilgen pa`nler logikaliq ta`rtipte jaylastiriladi. Oqiw jobasi ha`m oqiw bag`darlamasinda ha`r bir ilim-pa`n tarawinin` sistemasi sa`wlelenedi.

Oqitiw mazmuninin` sistemalilig`i ha`m izbe-izligi mug`allim menen oqiwshilar xizmetinin` sistemalilig`i ha`m izbe-izligi arkali toliqtiriladi. Mug`allim sabaqti sho`lkemlestirgende, bilimdi bayan etkende, ta`kirarlawda, bekkemlewde, teksergengde sistemaliliq ha`m izbe-izlilikke tiykarlanadi.

Sistemaliliq ha`m izbe-izlilik printsipi oqiwshilardin` salistiriw, tallaw, qurastiriw, uliwmalastiriw usillarin jetilistiredi, zat, qubilis ha`m tu`siniklerdin` ishki baylanislarin sanali o`zlestiriwine ja`rdem beredi. Bul printsip oqiw materiallarin u`zip-julip, sistemasiz bayan etiwge, u`yretiwge ha`m u`yreniwge jol qoymaydi.

Misali : Su’wretlew o’neri sabag`inin` eskizler temasin oqiwshilarg`a u`yretiw to`mendegishe alip bariliwi mu`mkin.

Eskizlerdi orinlawdin` ta`rtibi. Eskizdi orinlawg`a kirise otirip, ba`rinen de burin diqqat qoyip detal` menen tanisip shig`iw: mu`mkinshiligi bolg`ansha onin` atqatarug`in xizmetin aniqlaw, detal`din` uliwma geometriyaliq formasin onin` ayirim bo`limlerinin` formasin aniq bilip alip kerek. Bunda oyimizdan detal`din` a`piwayi geometriyaliq denelerdin` formasina iye bolg`an ayirim bo`limlerge bo`leklew boladi.

Baslawish, orta mektep, akademiyaliq litsey ha`m ka`siplik kolledjlerindegi o`tiletug`in oqiw pa`nleri ha`r tu`rli ilimlerdin` tiykarlari bolip esaplanadi. Sonin` ushin olar o`z-ara baylanis sistemasinda, izbe-izlikte u`yreniliwi lazim. O`ytkeni oqitiwdin` pa`nlik sistemasi oqiwshilardin` ilimiy ha`m sistemalasqan bilimlerdi jemisli o`zlestirip aliwina ja`rdemlesedi.

***Ko`rsetpelilik printsipi.*** Shig`istin` ulli pedagoglari Xorezmiy, Farabiy, Beruniy ha`m basqalar IX-XI a`cirlerde-aq oqitiwda ko`rsetpelilik printsipinin` a`hmiyetin joqari bahalag`an edi. XVII a`sirge kelip olardin` ko`rsetpeli oqitiw haqqindag`i pikirlerin chex pedagogi Ya.A.Komenskiy ja`nede jetilistirdi. Ol o`zinin` bul haqqindag`i «Altin qag`iydasinda» ko`riletug`indi-ko`rsetiw, esitetug`indi-esittiriu`, iyiti-iyisketiw, mazanin` da`min tarttiriw, uslawg`a bolatug`indi uslatip ko`rsetiw lazim dep esapladi. Rus pedagogikasinin` atasi K.D.Ushinskiy balalar tu`r-tus, ses, ren` seziw menen pikirleytug`in bolg`anliqtan oqitiwda ko`rsetpelilik olardin` psixologiyaliq o`zgesheliklerine sa`ykes keledi dep jazdi. Ko`rsetpeli oqitiw oqiwshi tikkeley qabil etetug`in aniq obrazlarg`a tiykarlanadi, sol sebepli oqitiwdin` aniq obrazlarg`a su`yenip alip bariw za`ru`r. A`sirese baslawish klass oqiwshilarinin` turmis, miynet ha`m adamlar menen qarim-qatnasiq ta`jiriybesi, bilim eli az bolg`anliqtan oqitiwdi ko`rsetpeli sho`lkemlestiriwge ayriqsha itibar bergen maqul.

Burinlari oqiwshilardin` zat ha`m qubilislardi tikkeley qabil etiwi arkali olarda eleslew ha`m tu`sinikti payda etiwge ko`birek diqqat awdariladi. Keyin rus psixologi L.V.Zankov ko`rsetpeli kurallardi mug`allimnin` janli, ta`sirli so`zi menen ha`r tu`rli usilda birlestirip sabaq o`tiwdin` artiqmashilig`in ilimiy da`lillep shiqti. Bunda alim adamnin` joqarg`i nerv xizmetinin` eki signal sistemasinin` birligi ta`liymatina su`yendi.

Ko`rsetpelilik aniq penen asbtrakt arasindag`i baylanisti tamiyinleydi, abstrakt oylawdin` rawajlaniwina ku`shli ta`sir etedi, onin` su`yenishi bolip xizmet etedi.

Ko`rsetpeli qurallardin` sipati menen olardi qollaw da`rejesi oqitiw basqishlarinda ha`r tu`rli boladi. Baslawish klasslarda ko`rsetpeli qurallar ko`birek, tolig`iraq, al joqarg`i klasslarda, akademik litsey ha`m ka`siplik kolledjlerde og`an qaraganda kemirek, za`ru`riy jerinde, kerekli orninda ha`m o`z waqtinda qollaniladi.

Izertlew jumislari ha`m oqitiw ta`jiriybeli ko`rsetpeli qurallardan paydalaniw payda da , ziyanda keltiretug`inin ko`rsetedi. Ko`rsetpeli qurallardi ha`dden tis orinsiz ha`m naduris qollaw, bilimlerdi iyelewdi qiyinlastiradi, oqiwshilardin` diqqatin a`hmiyetsiz ma`selelerge awdaradi. Sol sebepli mug`allimnin` barliq waqitta, ha`mme temada, ha`r bir sabaqta ko`rsetpeli kurallardi qollawi sha`rt emes. Al ko`rsetpeli qurallardi qollaw, texnikaliq qurallardan paydalaniw, oqitiwdin` sapasin jaqsilaw, tabisli oqitiw qurali ekenligin esten shig`armaw lazim.

Su'wretlew o'neri kursinda slaydlar ha`m diafil`mler qollaniw materiallardi u`yreniwdi jen`illetedi.

Ekranlastiriw oqiwshilarda predmetke bolg`an qizig`iwshiliqti arttiradi. Diafil`m detalodi ha`r ta`repleme dinamikada ko`rsete aladi. Bul ko`rinis kesilmeni jasawg`a shekemgi ha`m salg`annan son`g`i detaldin` sizilmalari menen toliqtirilsa boladi.

Ekranlastiriwdin` artiqmashlig`i tek g`ana ha`reketti boldiriwda emes. Kinoda onnan de go`re paydaliraq na`rselerdi ko`rsetse boladi-pikirler ha`reketin, pikirlesiw izbe-izligin, ma`selen su'wretti oqiwdag`i aqil ha`reketinin` izbe-izligin ko`rsetiwge boladi.

Sabaqti o`tiwdin` jan`a mu`mkinshilikleri payda boladi. Solay etip, sabaqlardi ekranlastiriw- bul sirtqi effekt emes. Bayan etilgen materialdin` metodikasinin` o`zgerisi haqqinda so`z ketedi.

Oqiw diafil`mleri menen slaydlardi qollaniw waqitti u`nemleydi, sonin` ishinde taxtaga por menen jazip ju`riw waqti u`nemlenedi. Su'wretlew o'neridi oqitiwda oqiwshilarg`a ko`p mug`dardag`i grafik ko`rinislerdi ornilaw talap etiledi. Proektsiyaliq apparati qollana otirip sabaq barisinda oqiwshilarg`a barliq klassqa jaqsi ko`ringendey o`lshemdegi ko`plegen ko`rinisler ko`rsetiledi. Diafil`m ja`rdeminde, ma`selen 2 x 2,5 m o`lshemdegi ko`rinislredi ko`rsetiwge boladi. A`lbette, bunnan mug`allim uliwma por menen jazg`andi qoyadi degen ga`p kelip shiqpaydi. Aqiri quramaldi sizilmalardi taxtag`a sizip, waqitti sarplag`annan go`re ekrannan paydalang`an maqsetke muwapiq ekenligi aniq.

Fil`mler ko`riwshilerdi oylaw, dodalawg`a ma`jbu`rleydi. Fil`mnin` waziypasi sonin` menen birge o`ndiris penen baylanistiriw bolip tabiladi. Fil`mnin` ja`ne bir waziypasi-aldin aytilg`aninday oqiwshilardin` pa`nge bolg`an qizig`iwshilig`in arttiriw bolip tabiladi. Oqiw kinosi, pa`ndi sanali ha`m teren` iyelewge mu`mkinshilik beredi.

Oqiwshilardin` oylaw qa`biletin aktivlestiriw maqsetinde materialdi informvtsion sistemasinan beriwden bas tartiw kerek, yag`niy programmalastiriw elementlerin engiziwden bas tartiw za`ru`r. Ma`selen,m ina eki-u`sh sizilmadan qa`ysi biri berilgen sorawg`a tuwoi juwap boladi yamasa sizilmadag`i berilgen ko`rinis qalay ataladi degenlerdi aniqlawdan.

Fil`mdi ko`rip bolg`annan son` oqiwshi qanday da ba`deni o`zlestiredi, su'wretti orinlaw ha`m o`qiw qa`deleri menen tanisadi. Fil`m a`piwayi, aniq, lakonok, artiqmash heshten`esi bolmaw kerek.

Ko`rinistin` ma`nisin ekranda ko`rsetilip atirg`anday jen`il tu`siniletug`in boliw kerek. Quramali sizilmalar kinofil`m materialin o`zlestirip aliwdi qiyinlastiradi, sebebi ko`rip otirg`an oqiwshinin` bul qiyin su'wretti qarastirip otiriwg`a waqti joq.

Fil`mdi fragmentar qurg`an jaqsi bola beredi (kartinani qollaniwdi qolaylastiradi), al fil`mdi bir sabaqta qoyiw kerek emes, a`detti ol 10…12 minuttan asip ketpew kerek. Bul materialdi usi sabaqta-aq bekkemlewge mu`mkinshilik beredi.

Kinofil`mdi ko`rsetip oqitiw protsesi sabaqtin` bir elementi boliw kerek. Fil`mdi ko`rsetiwden burin oqiwshilar menen kishkene kirisiw gu`rrin`lesiwin o`tkergen maqul, yag`niy oqiwshilardin` diqqatin fil`mnin` nege arnalg`anina karatip, ondag`i basli maksetti ekinshi da`rejeli ma`seleden ajiratiwg`a u`yretedi. Eger de mugallim olay islemese, onda oqiwshilar fil`mnin` basli maqsetine emes, al ha`r qiyli mayda na`rselerine diqqat bo`lip ketedi. Fil`mdi ko`rip bolg`annan son` berilgen material boyinsha juwmaqlawshi gu`rrin`lesiw o`tkeriledi. Bunday gu`rrin`lesiw oqiwshilardin` sabaqti qanday da`rejede tu`singenin biliwge

ja`rdemlesedi. Sonday-aq jan`a materialdi bekkemlew ushin fil`mdi ko`rip bolip shinig`iw o`tkeriw za`ru`r. Eger de fil`m sozilip ketse, onda oqiwshilar oni jaqsi o`zlestire almaydi. Sonliqtan sabaq fil`mlerin qisqa, biraq tamamlang`an u`zindiler menen ko`rsetken maqul. Ha`r bir tinispaqtan keyin materialdi bekemlewshi ha`reket islegen maqul, ma`selen su'wretti oqiwg`a arnalg`an misallar menen orinlaw. Bul bilay o`tkeriledi. Qanday da bir ma`selege arnalg`an u`zindini ko`rip bolip mug`allim fil`mdi toqtatadi ha`m usig`an sa`ykes plakat qistiradi. Oqiwshilar ondag`i sizilmalardi oqiydi ha`m usinin` menen olar ha`zir g`ana kinofil`mdi ko`rip, u`yrengen materialin ta`kirarlaydi ja`ne teren`lestiredi.

Ko`rsetpeli qurallar: 1.Ta`biyiy ko`rsetpeli qurallar (ob`ektler, zatlar, qubilislar, o`simlikler, haywanlar t.b.); 2. Su`wretlewshi ko`rsetpeli qurallar (sizilma, su`wret, sxema, grafik, kino, diafil`m, diagramma t.b.); 3.Ko`lemli ko`rsetpeli qurallar (geometriyaliq figuralar, deneler, mulyajlar, chuchela t.b.); 4.Sha`rtli ha`m simvoli ko`rsetpeli qurallar (karta, globus t.b.) ; 5.Ha`r tu`rli modeller, arnawli priborlar, a`sbaplar t.b.) tu`rinde bo`linedi.

Ko`rsetpeli oqitiw printsipin duris basshiliqqa aliw oqiwshilardin` bilimdi sapali o`zlestiriwine, bekkem este qaldiriwina, biliw ku`shleri menen biliw jedelligin rawajlandiriwg`a, teoriya menen a`meliyatti baylanistivriwg`a ha`m tu`sinikli oqitiwg`a u`lken ja`rdem beredi.

***Oqitiwda sanaliliq ha`m jedellilik printsipi.*** O`tmishtin` ulli progressiv pedagoglari Xorezmiy, Ulug`bek, Ya.A.Komenskiy, K.D.Ushinskiy dogmatikaliq oqitiwg`a, tu`sinbesten quri yadlap aliwg`a, materialdi ju`zeki o`zlestiriwge qarsi bolg`ani ma`lim. Olar bilimdi teren`, ha`r ta`repleme tu`sinip, ug`ip aliwdin` ta`repdari boldi.

Sanaliliq printsipi oqiwshilardin` u`yrenip atirg`an bilim, eplilik, ko`nlikpenin` tu`p ma`nisin, oqiw xizmetinin`, sabaqtin` maqsetin ha`m waziypalarin aniq tu`siniwdi, onin` mag`anasin teren` ug`ifp aliwdi an`latadi. Oqiw usillarin, iyelegen bilimlerdi jan`a jag`dayda qollaw a`dislerin, o`zin-o`zi tekseriw, bahalaw jollarin, o`z betinshi bilimdi o`zlestiriw metodlarin ha`r ta`repleme biliwdi na`zerde tutadi. Bilimdi sanali o`zlestiriw oqiw materialin duris tu`siniwden baslanadi. Tu`siniw, ug`iw, oylaw oqitiw protsesinde u`lken a`hmiyetke iye bolip onin` negizinde ilimiy tu`sinikler qa`liplesedi, faktlerdi, misallardi tallawda nizamliqlar o`zlestiriledi.

Bilimdi sanali o`zlestiriwdin` belgileri : u`yrenilgen bilimdi o`z so`zi menen misallar, faktler keltirip duris aytip beriw, alg`an bilim, eplilik, ko`nlikpelerin a`melde qollay aliw, iyelegen bilim negizinde isenim payda etiw t.b. Bilim oqiwshilar sanasinda qayta islenip shig`iw na`tiyjesinde bekkem isenimge aylanadi, sanali o`zlestirilgen bilim turmista tabisli qollaniladi. Quri yadlap aling`an, ju`zeki o`zlestirilgen bilimlerdin` turmista a`hmiyeti joq, olar belgili xizmetti orinlawda jol ko`rsete almaydi.

Su'wretlew o'neri sabag`inda o`lshemlerdi jasaw usillarin ha`m qollaniwlarin u`yretiw, oqiwshilardi grafikaliq tayarlawdin` ju`da` quramali metodikaliq ma`seleleri bolip tabiladi. Onin` quramalilig`i sonda, bul jumista oqiwshilardin` logikaliq oylaw qa`biletlerin shiniqtiriwg`a diqqat awdariliwi kerek. Bul o`lshemlerdi jasaw, ko`plegen qa`de ha`m usillardi yadlaw, o`lshemlerdi aniqlap

u`yreniw menen baylanisli. Sabaqliqta bul materialdi bayanlawda, etapa-etap jaqinlap bariw qabil etilgen. To`mendegi usi oqiw materialinin` etaplari ko`rsetilgen.

Su’wretlew o’nerinde o`lshemlerdi jasaw qa`delerin u`yreniwdin` o`zgesheligi sonnan ibarat, oqiwshilardin qabil etip aliwi, qiyin bolg`an grafikaliq iskerlikti u`yrenip, yadlap aliw ma`selelerin qarastiradi.

Oqiwshilardi izbe-iz, da`slep uliwma ha`m a`piwayi, al son`inan quramali ha`m arnawli qa`deler menen tanistirip bariw, olardin` bul materiallardi sanali qabil etip ja`ne bekkemlewlerine tasirin tiygizedi.

Sabaqliqta bayan etilgen o`lshemlerdi ju`rgiziw qa`delerin u`yrenip bolg`annan son` o`lshemlerdi uliwma ju`rgiziw ma`selesin qarastirmag`an paydali boladi. Bul ma`seleni sizitslma misallarinda toliqtirg`an jo`n.

U`yrenilip atirg`an materialdi oqiwshilarg`a jen`illetiw ushin ko`rsetilgenindey plakatlardan paydalang`an qolayli. O`lshemlerdi ju`rgiziwdin` ha`r qiyli jag`daylarin ko`rsetilgen, bul plakata su’wretti qarastirg`anda, bo`leklderi bar bolg`an ko`rsetkishler ko`rsetilgenine (strelkalari bar do`n`gelekler) diqqat awdariw kerek. Bunday plakatlardi, o`lshemdi ju`rg`iziw qa`desin toliqtiriw maqsetindek da`slepki waqitta qollang`an maqsetke muwapiq boladi. bul jerde sonni da aytip o`tiw kerek, eki tsilindrlik tekstlerdin` jag`daylarin aniqlawshi o`lshem olardin` oraylarinin shetinen emes, al arasinan ju`rgiziledi. Oqiwshilardan soraw ju`rgizilgende plakattan paydalang`an qolayli.

O`lshemlerdi ju`rgiziw usillarin tu`sindirgende su`wretten paydalang`an qolayli boladi. Ol su`wrette da`slep predmet formasin geometriyaliq denelerge bo`leklew kerekligi ko`rsetiledi. Predmet formasin quraytug`in ha`r bir geometriyaliq dene, su`wrette ren` menen ha`m usi ren`nin` ko`rinisi ko`rgizbeli ta`kirarlanip ajiratiladi. Ha`r bir geometriyaliq denenin` o`lshemi qalay aniqlanatug`inin bilgen oqiwshi, usi o`lshemlerdi ju`rgizedi. Son`inan predmet bo`leklengen geometriyaliq denelerdin` o`z-ara jaylasiwlarin koordinatsiyalawshi o`lshemler ju`rgizedi. Solay etip, ju`da` quramali bolg`an ma`seleni sheshiw jen`illesedi.

Su’wretlew o’nerinde o`lshemlerdi ju`rgiziw qa`desi ha`m usillarin u`yreniwge baylanisli ma`seleler ba`rqulla mug`allimlerdin` diqqatinda boliwi kerek. Bul ma`selede bir sabaqtan ekinshisine, onnan ja`ne aldig`a o`tip atirip tabisqa erisiledi.

Oqitiwda ju`zekelik en` tiykarg`i qate-kemshilik esaplanadi. Ol asbtrakt oqitiw, turmis ha`m a`meliyat pnen baylanistirmay sabaq beriw, bilimlredi a`melde qollawg`a a`hmiyet bermew, oqiwshilardin` sanalilig`i, jedelligni, o`z betinsheligi ha`m do`retiwshiligine diqkat awdarmawdan kelip shig`adi.

Oqiwshilardin` bilimdi o`zlestiriwdegi ha`m oni turmista qollawdag`i juwapkershilikti seziwi bilimdi sanali o`zlestiriwine tiykar du`zedi. Jedellilik ha`m o`z betinshelik og`an ku`shli unamli ta`sir etedi. Jedellilik baslamashiliqta, o`zbetinshelilikte, intakerlikte, isbilermenlikte ju`zege shig`adi.

Sanaliliq, nemquraydiliq, o`z betinshelik printsipin iske asiriwi mug`allimnin` oqiwshilar aldinda turg`an waziypalardi tu`sindiriwdin`, olardi sheshiw, orinlaw jollarin belgilewden, oqiw xizmeti, usillari menen tanistiriwdan` baslanadi.

Materialdi tu`sindiriwge ha`m oqiwshilardi og`an barliq ta`repten tayarlawg`a ju`da` a`hmiyet beriledi. Sonin` ushin mug`allim materialdi ilimiy, sistemali, aniq, tu`sinikli, isenimli, teoriyani a`meliyat penen baylanistirip ha`m oqiwshilardin` bilimi da`rejesine maslastirip ta`sirli bayan etiwi za`ru`r. Bunday sabaq oqiwshilarda u`lken qanaatlaniwshiliq, qizig`iwshiliq, joqari la`zzetleniw payda etedi, oqig`an sayin oqig`isi keledi, qon`iraw bolg`anin sezbeydi, sabaq misli bilim bayramina aylanadi.

Oqiwshilardin` sanalilig`in, jedelligin ha`m o`zbetinsheligin rawajlandiriw ta`kirarlaw, shinig`iw, bilimdi a`melde qollaw, tekseriw ha`m bahalaw siyaqli oqiw xizmeti turlerinde alip bariladi. Aldin`g`i qatardag`i mug`allimler u`yge tapsirmani, a`meliy, do`retiwshilik jumislardi oqiwshinin` qalewinshe aliwin ta`jiriybe etpekte. Bul ta`jiriybeler maqtawg`a turarliq. Sebebi bilimdi a`melde qollaw oqitiwdin` nag`iz anasi dep biykarg`a aytilmag`an.

***Bilimdi bekkem o`zlestiriw printsipi.*** Bilimlerdi bekkem o`zlestiriw printsipi oqiwshilardin` o`zlestiretug`in bilimleri, eplilik ha`m ko`nlikpeleri bekkem ha`m puxta boliwin maqset etedi. Olardi sana-sezimde, esinde qaytadan tiklew ha`m tu`rli-tu`rli jag`daylarda qollay aliwdi na`zerde tutadi. Bilimnin` bekkemligi oqiwdi tabisli dauvam etiwde, ko`z-qarastin` qaliplesiwinde, biliw uqipliliqlarinin` rawajlaniwinda, a`meliy xizmetti orinlawda ku`ta` za`ru`r boladi.

Bul printsip en` da`slep mug`allimnin` jan`a bilimdi bayan etiwi, eplilik ha`m ko`nlikpelerdi qa`liplestiriwi, oqiwshilardin` o`zbetinshe bilimdi iyelewge qaratilg`an xizmetin sheber o`zlestiriwi menen ta`miyinlenedi. U`yreniletug`in materialdi duris tan`law, ondag`i basli, tiykarg`i, ekinshi da`rejeli ha`m qosimshva ma`selelerdi aniqlaw ayriqsha a`hmiyetli.

Birinshi basqishta materialdin` negizgi mazmuni beriledi, keyin ol ken`eytiledi, toliqtiriladi, misallar, faktrler keltiriledi, juwmaqlar shig`ariladi. Tiykarg`i materiallar keyingi basqishlarda, sabaqlarda qollaniladi, bul bilimnin` bekkem o`zlestiriliwine alip keledi.

Misali, su’wretti u`yreniw oqiwshilardin` burin aling`an mag`liwmatlari bashasinda iske asiriladi. Oqiw ustaxanalarinda oqiwshilar su’wretler haqqinda a`piwayi mag`liumatlar aladi. Olar haqqinda kirisiwde de aziraq so`z boladi.

Oqiwshinin` basi bilimdi quyip qoyatug`in idis dep tu`sinip, oqiwshinin` basi bilim shamshirag`i, oni sheber adam jag`a alatug`inin esten shig`aradi.

Este saqlaw ha`m yadlap aliw bilimdi bekkem o`zlestiriwdin` tiykari sipatinda logikaiq ha`m mexanikaliq eslewdin` birliginde iske asadi.

Ha`zirgi da`wirde xabar baylanis texnologiyasinin` rawajlaniwi, ilimiy mag`liwmatlar ko`leminin` ken`eyiwi, este saqlaytug`in elektron mashinalardin` rolinin` artiwi, adam balasinin` mexanikaliq eslewin qollaw shegarasin biraz taraytti. Sonin` ushin oqiwshilardin` ja`rdemshi kurallardan mag`liumatnama, so`zlik, entsiplopediya, tablitsa, sxema t.b. paydalaniwg`a u`yretiw, Donetskli matematika mug`allimi V.Shatalovtay matematikani oqitiwda tayanish signallarin qollawg`a qusag`an ta`ijiriybelerden paydalaniw za`ru`r. O`ytken oqitiwda ko`binese mexanikaliq este saqlawg`a su`yeniw, oqitiwda ju`zekiliktin kelip shig`iwina sebepshi boladi.

Bilimdi bekkem o`zlestiriw bilimdi sanali o`zlestiriwge, oni turmista qollawg`a ko`p ta`repten baylanisli keledi. Bilimnin` bekkemligi mug`allimnin` na`siyatgo`yligi menen iske aspaydi. Sistemali o`z u`stinde islep aqil miynetin orinlap, bilimnin` qa`dirine jetip, dana xalqimizdin` «Bilimdi min`di jig`adi, bilekli birdi jig`adi» degen juwmag`ina a`mel qilg`anda g`ana bilimdi bekkem ha`m teren` iyelew mu`mkin.

Tiyanaqli bilim aliw sanaliliq ha`m jedellilik, ilimiylik ha`m sistemaliliq, ilayiqliliq ha`m ko`rsetpelilik, teoriya menen a`meliyattin` baylanisi, oqiwshilardin` jas ha`m jeke o`zgeshelikleri printsiplerinin` talaplarin orinlap mug`allimnin` using`an oqiw materialin oqiwshilardin` birinshi ret qabil etiwin duris sho`lkemlestiriwden baslanadi. Bilimdi puxta o`zlestiriwde oqiwshilardin` ha`r tu`rli o`zbetinshe isleri, do`retiwshilik, a`meliy ha`m ilimiy jumislari ayriqsha orin iyeleydi. Ku`ndelik, shereklik, yarim jilliq ha`m oqiw jili ayag`inda ta`kirarlaw jumislari uyimlastiriladi. U`yge tapsirmalar beriledi, testler sheshtiriledi, oqiwshilardin` bilimi tekseriledi ha`m bahalanadi. Bul ila`jlardin` barlig`i oqiwshilardin` bilimdi bekkem iyelewine tiykar du`zedi.

***Tu`sinikli oqitiw printsipi.*** Tu`sinikli oqitiw printsipi oqiw materialinin` mazmuni, ko`lemi ha`m xarakteri oqiwshilardin` bilim da`rejesine ha`m olardin` biliw imka`niyatina sa`ykes boliwin talap etedi. Tu`sinkli oqitiw oqiwshilardin` jas o`zgesheligine baylanisli boladi. Biraq biliw ku`shleri ha`m biliw uqipliliqlarinin` rawajlaniwinda jas o`zgesheliklerinin` shegarasi sha`rtli, o`tpeli, jiljimali bolatug`inlig`in ko`p izertlewler juwmaqlari tastiyiqlaydi. Ma`selen burin baslawish mektepte oqiw, jaziw, esaplaw ko`nlikpelerine u`yretiledi, joqarg`i klasslarda oqiwshilar pa`n tiykarinan sistemali u`yreniwge tayarlanadi. Endi baslawish klass oqiwshilarina oqiw materialinin ilimiy tiykarlari, qag`iydalar, nizamliqlar u`yretiletug`in boldi. Ilgeri baslawish klass oqiwshilarina tu`sinikli emes dep ta`n aling`an materiallar endi a`dettigidey oqitilmaqta.

Oqitiwdin` tu`sinikliligi didaktikanin` printsiplerin esapqa aliwg`a, oqiw materialin duris tan`lawg`a, oni u`yreniu` sistemasin aniqlawg`a, mug`allimnin` jan`a pedagogikaliq texnologiyani qollaniwina, oqiwshilardin` bilimdi iyelew usillarina, mug`allim shaxsinin` ta`siri menen pedagogikaliq sheberligine tikkeley baylanisli.

Mekteplerde miynetke u`yretiw protsesinde oqiwshilar birneshe ma`rtebe a`piwayi predmetlerdin` eskizlerin orinlag`anyu. Sonliqtan eskiz haqqindag`i uliwma mag`liwmatqa tolig`iraq toqtap otiriwdin` qa`jeti joq. Bir qansha mug`allimlerdin` ta`jiriybesi soni ko`rsetedi, oqiwshilarg`a eskizdi orinlaw sabag`in burin sabaqliqtag`i materialdi oqip keliwdi tapsiriwg`a karatiladi. Al, sabaq barisinda bolsa, qisqa g`ana usi oqig`anlardi tekserip ko`riw menen sheklenedi.

Sabaqti usilay etip baslaw en` basli maqsetke so`zsiz erisiwge alip keledi-yag`niy eskizlerdi orinlawg`a. Bunda basli ko`rinisti tan`law haqqindag`i ko`rsetpe qisqa tu`sinikleri menen tayar xalinda oqiwshilarg`a jetkeriledi. Oqiwshilarg`a da`slepki payitlari buni orinlaw qiyin boladi, sebebi olardin` ele jeterli da`rejede ta`jiriybeleri joq.

Su'wretlerdi orinlaw ta`rtibine baylanisli metodikaliq a`debiyatlarda ha`r qiyli ko`rsetpeler bar. Birinshisi, oqiwshilardi simmetriya ko`sherlerin (olar qa`jet bolg`an orinlarda) ha`m predmet gabaritin u`yretiwdi ju`rgiziw. Basqa birewleri predmetti geometriyaliq denenlerdin` «qosindisi» yamasa «ayirmasi» sipatinda qarawg`a oqiwshilardi qaliplestiriw bolip tabiladi. Ha`m de birinshi jag`dayda su'wretti orinlawda predmettin` bo`leklerin «ko`beytiw» joli menen, yag`niy «bo`lekten pu`tinge» degen tu`rde siziu`, al ekinshi jag`dayda bolsa «pu`tinnen bo`lekke» degen tu`rde Su'wretlew o'neri jollari u`yretiledi.

Su'wretlerdi orinlawda, qabil etiw ha`m ha`reket etiw protsesslerinin` baylanislari ayriqsha diqkatti talap etedi. Naturani baqlaw usillari oqiwshilardin` ko`rinisti orinlaw usillarina ta`sirin tiygizedi. Eger de predmetti baqlawlari qa`liplespegen bolsa, yaki ele jaqsi qa`liplespese, yag`niy mug`allimge bayqamastan «o`zinen-o`zi» qa`liplese, onda olarg`a su'wretti qalay etip orinlaw haqqindag`i ko`rsetpe tasir etpeydi. Oqiwshi predmetti qalay ko`rse solay etip, o`zinshe jumisin dawamlay beredi. Zatti ha`r qiyli etip ko`riw bar.

Oqiwshilardi baqlaw o`nerine u`yretiwdin` za`ru`rligi haqqinda Ya.A.Komenskiy so`z etip ketken. Ol o`zinin` oqiwshilarg`a predmetti qalay ko`rsetiw tuwrali «Ulli didaktikag`a» degen miynetinde minaday ko`rsetpelerdi beredi : «1. Zatti ko`z aldina qoyiw. 2.Zatti alis emes al jaqinlaw araliqqa qoyiw. 3.Zatti qaptalg`a emes, al tuwri ko`z aldina qoyiw. 4.Zattin` beti tuwri ko`zine qaratilg`an. 5.Predmetti toliq ko`zden o`tkeriw. 6.Zattin` ha`r bir bo`legin ayirim-ayirim ko`zden o`tkeriw. 7.Zattin` barlig`i toliq aniqlanbag`ansha, bastan ayaq ta`rtip penen ko`rip shig`iw».

«Usi sha`rtler toliq orinlansa», -dep jazadi ol, «onda baqlaw jumisi duris ju`rgiziledi. Eger de bulardin` birewi orinlanbay qalsa, onda baqlaw sira` bolmaydi, yaki jaman o`tedi».

Ko`pshilik metodist mug`allimler ha`m psixologlar oqiwshilarda «sirtqi» ta`sirden oylawg`a o`tiw tiykarinda «aqili» usillardi qa`liplestiriw za`ru`rligin moyinlaydi. Bunda «sirtqi» ta`sirler ha`r qiyli saylap alinadi. Bul na`rse, bir jag`daylarda oqitiw predetti operatsiyalawg`a (buriw) quriladi, basqa jag`daylarda ko`rinetug`in qa`biletlik jag`daylarinin` tiykarina al u`shinshiden-operatsiyalaw tiykarinda (predmet ha`m ko`z-karas o`zgermeydi) qurilatug`inina alip keledi.

Ulli pedagog Beruniy X-XI a`sirde tu`sinikli oqitiwdin` qatar qag`iydalarin oylap tapti. Bul qag`iydalar XVII a`cirge kuelip chex pedagogi Ya.A.Komenskiy ta`repinen ja`ne de rawajlndirildi ha`m olar ha`zirgi ku`nde de oqitiwdin aldin qag`iydalari esaplanadi.

Birinshi qag`iyda «jen`ilden-qiying`a». Jen`ilden qiying`a qag`iydasi oqiw materialin qatan` izbe-izlikte, jaqsi belgili ha`m tu`sinikli ma`seleden qiyin ma`selege qaray oqitiwdi an`latadi.K.D.Ushinskiy eskertkenindey tu`sinikli oqitiwdi jen`il oqitiw dep karawg`a bolmaydi. Oqiw materiali belgili da`rejede qiyin, lekin oni oqiwshilar o`zlestirip alatug`in da`rejede boliwi sha`rt. Oqiw materiali a`ste aqirin qiyinlastirilip bariliwi tiyis. Ha`dden tis jen`il oqitiw oqiwshilardan aqil ku`shin talap etpeydi, qizig`iwdi pa`seytedi, alg`a ilgeriliwge kesent keltiredi. Kerisinshe ha`dden tis qiyieliqtag`i material oqiwshinin` o`zine naliwina, ku`shine isenbeu`shilikti keltirip shig`aradi. Sonliqtan oqiwq materiali

oqiwshinin` belgili aqil miyneti etip o`zlestirip alatug`in da`rejede bolg`ani maqul. Eger oqiwshi ayirim qiyinshiliqlarg`a duwshar bolsa, onda mug`allim ja`rdem ko`rsetedi, oqiwshi ushin hesh waqitta o`zi islep bermeydi. Kenes, ma`sla`ha`t, usinis, qo`simsha soraw, ko`rsetpeler beredi. Belgili qiyinshiliqlardi jeniw protsesinde oqiwdi ha`reketke keltiriwshi ku`shler iske qosiladi. Bul ma`selede rus psixologi L.V.Zankovtin` baslawish mektepte joqari qiyinshiliq da`rejesinde oqitiw printsipi diqkatqa ilayiq.

Ekinshi qag`iyda – «belgiliden belgisizge». Bul oqitiw qag`iydasina ilayiq mug`allim oqiwshilardag`i bar bilim ha`m ta`jiriybeler ko`lemin biliwi talap etiledi. Jan`a material sog`an tiykarlanip u`yretiledi. Sebebi belgisiz material tanis material menen baylanistirilip o`tilse oqiwshilar onday materialdi tez ha`m an`sat u`yrenip aladi.

U`shinshi qag`iyda-«a`piwayidan quramalig`a». Oqitiwdi a`piwayi misaldan, fakttan, juwmaqtan, tu`sinikten baslap kem-kemnen quramali materialg`a o`tiw bul qag`iydanin` negizgi talabi bolip tabiladi. Ko`pshilik jag`daylarda oqiwshilarg`a jan`a tu`siniksiz materiallar quramaliday ko`rinedi, quramali materiallar u`yrengennen, tu`singennen, a`piwayi bolip qalg`an materiallar menen baylanistirilg`annan keyin jen`ildey seziledi. Mug`allimnin` waziypasi quramali materialdi a`piwayi, tu`sinikli, o`zlestiriwge iqsham etip u`yretiwden ibarat.

To`rtinshi qag`iyda «jaqinnan uzaqqa». Ol oqiwshinin` bilim ko`lemin a`ste aqirin ken`eytiwdi talap etedi. Oqitiw oqiwshini qorshap alg`an jaqin ortaliqtan baslanadi. Sonday etip oqiw protsessindegi jaqin degen so`z tu`siniliwi, u`yreniliwi an`sat degen ma`nisti an`latadi. Jaqinnan uzaqqa qag`iydasi aldi burin en` jaqin, keyin onnan qashig`iraq, son` onnan uzaq, keyin onnnda uzag`iraq, aqirinda en` uzaq materiallardi u`yretiw lazim degendi bildiredi.

***Oqiwshilardin` jas ha`m jeke o`zgesheliklerin esapqa aliw printsipi.*** Kishi, orta ha`m akademiyaliq litsey, ka`siplik kolledj jasindag`i oqiwshilar o`zlerinin` denesinin` rawajlaniwi, ha`r bir organnin` xizmetinin` jetilisiwi, sotsialliq ha`m biliw ta`jiriybesinin` da`rejesi, ha`r bir jas da`wirine ta`n bolg`an xizmet tu`rleri menen bir-birine ayirilip turadi. Jas o`zgesheliklerdi esapqa aliw oqiwshilardin` bilim ha`m ta`rbiyalang`anliq da`rejesin, anatomiyaliq-fiziologiyaliq, psixologiyaliq rawajlaniwin, turmis ha`m miynet ta`jiriybesin esapqa alip ta`li-ta`rbiya jumislarin o`tkeriwdi talap etedi. Oqiwshilardin` rawajlaniw ha`m qa`liplesiw da`rejesi ko`p jag`daylarg`a baylanisli boladi. solardin` ishinde ha`r birj as da`wirge ta`n bolg`an ja`miyetlik baylanislar ha`m jas o`zgesheliklerin, ja`miyet ha`m ja`ma`a`t penen baylanislarin u`yrenip, olardin` qizig`iw ha`m talaplarin, ideallari menen umtiliwlarin ta`lim-ta`rbiyada esapqa aladi, solarg`a negizlenip jumis ju`rgizedi.

Oqiwshi menen jeke alip barilatug`in ta`lim-ta`rbiya jumislari ko`pshilik waqitlari oqiwshi sabaqtan to`menlegende yamasa ta`rtip buzg`anda ju`rgiziledi. Bul ta`jiriybeni duris dep bolmaydi, ha`r bir oqiwshi barliq waqitta mugallimnin` diqqat orayinda boliwi da`rkar. Sonda g`ana ta`lim-ta`rbiyada tabislarg`a erisiw mu`mkin.

## *Tiykarg'i bo'lim*
## *1.Su`wretlew o`neri sabag`ının` basqa pa`nler menen o`z-ara baylanısının` tiykarg`ı belgileri*

Uliwma ta'lim beriwshi mektepler sistemasinda su'wretlew wo'neri pa'ninin' basqa oqiw pa'nleri menen wo'z- ara baylanisi ma'selesi ju'da' pa't penen rawajlanip barmaqta. Bunnan bir neshshe jillar ilgeri pa'nlerdin' wo'z- ara baylanisi tiykarinan pedagogikaliq ilimde ha'wij alip turg'an edi.

Son'g'i waqitlarda pedagogikaliq a'debiyatlarda ko'binese baylanistin' pedagogikaliq ha'm psixalogiyaliq, du'nyataniw ha'm biliw a'hmiyetshiligin aship beretug'in materiallar ha'm ko'rsetpeler payda bolip atir. Lekin, ilimiy- texnikaliq progresstin' rawajlang'an bir jag'dayinda qa'legen oqiw sabaqlig'inin' mazmuni, wonin' logikasi, du'zilisi (qurilisi) ha'm qag'iydalari aralas ilimlerdin' rawajlaniwinan bo'lekleniwi ya'ki shette qaliwi mu'mkin emes.

A'sirese soni atap ko'rsetiwimiz kerek, pa'nler- ara baylanis oqiwshilardin' bilim sistemasinin' rawajlaniwina, wolardin' aqiliy, fizikaliq, emotsional ta'rbiyalaniwlarina ha'mde wolardi estetikaliq jaqtanta'rbiyalaw mashqalasina kompleksli kirisiwimizge mu'mkinshilikler jaratip beredi.

Woqiw pa'nlerinin' wo'z- ara baylanisi mashqalalari u'yreniletug'in woqiq materialinin' sistemaliliq ha'm izbe- izshillik printsipleri ta'repinen qadag'alap bariladi. Bul wo'z gezeginde bir qatar pa'nlerdin' wo'z- ara kelisimli ha'reketlerinin' na'tiyjesinde aynala a'tirapimizdag'i shinliqqa, haqiyqatliqqa ha'm payda bolatug'in na'rselerge bolg'an filasofiyaliq ko'z- qaras tu'sinigin wo'z ishine aladi. Anaw yaki minaw ilim logikasi tiykarinda quriliwshi pa'nler ara baylanis bilimnin' belgili bir izbe- izlilikte ha'm perspektiv rawajlaniwin, sol bilimnin' mazmuninin', qurilisinin' ha'm oqiw materialinin' tan'lap aliniwinin' wo'z- ara kelisimli a'melge asiriliwin usinis etedi. Bilimnin' mazmuninin' ha'm oqiw materialinin' tan'lap aliniwi oqiw- ta'rbiya jumislarinin' uliwma waziypalari ha'm ma'seleleri menen aniqlanip, wol oqiw da'stu'rinde ha'm uliwma bilim beriw mekteplerinin' oqiwliqlarinda iske asiriladi. Pa'nlerdin' wo'z- ara baylanislilig'inin' iske asiwi mektepte oqitiwdin' ha'm bilim beriwdin' na'tiyjeliligin asiriwg'a mu'mkinshilik beredi, sonin' menen birge oqiwshilardi woqitiw da'wirinde tu'sinikli ha'm qolayli sha'rayatlardi keltirip shig'aradi. Bul wo'z gezeginde bilim beriwdin' jan'a pedagogikaliq texnalogiyalarin , metodlarin (usillarin) keltirip shig'arip oqiwshilardin' bilim aliw sipatin jaqsilaydi.

Uliwma bilim beriw mekteplerinde su'wretlew wo'neri sabag'inin' basqa oqiw pa'nleri menen tig'iz baylanislilig'i baslawish klass oqiwshilarina joqari sipatli bilim ha'm ta'rbiya beriwdin' ayriqshalig'in ko'rsetti. Bul wo'z- ara baylanislar:

-oqiwshilardin' zamanago'y da'wir talabina say bilim aliwg'a;

-oqiwshilardin' dialektikaliq- materialistlik du'nya taniwi, oqiwshilardin' ko'rkemlik bilimlerin sistemalastiriw, woqitiwdin' na'tiyjeliligin ko'teriw, oqiwshilardin' woy- wo'risinin' rawajlaniwina qolayli mu'mkinshilikler jaratiw, wolarg'a wo'z betinshe bilimdi qa'liplestiriwin du'ziw, oqiwshilardin' siyasiy-

ideyaliq, a’dep- ikramliliq, estetikaliq miynet ta’rbiyasin ju’zege asiriwg’a ja’rdem etedi.

Su’wretlew wo’neri sabag’inin’ basqa oqiw pa’nleri menen wo’z- ara baylanislilig’inin’ mashqalasi, sabaq waqitinda mashqalali **momentti** jolg’a saliw, su’wretlew wo’nerinin’ u’yreniliw a’hmiyetin, ha’r qiyli sotsialliq ha’m tariyxiy protseslerdi (wo’zgerislerdi) salistiriw, oqiwshilardin’ ha’r qiyli ko’rkemlik sistemasi (oqiw sabag’i, muzika, miynet) boyinsha uqipliliqlardi talap etiwdin’ sheshimin, ko’rkem obrazlardi salistiriw ma’selelerin wo’z ishine qamtiydi. Pa’nlerdin’ wo’z- ara baylanisi to’mendegidey beldiler menen ajiralip turadi:

-oqiwshilardin’ du’nya taniw tu’siniklerin payda etiwge ta’sir etetug’in teoriyaliq mag’liwmatlardin’, nizamliliqlardin’, tu’siniklerdin’ uliwmalilig’i;

-anaw yaki minaw u’yreniw obyektlerine ta’sir etetug’in ilimiy faktlerdin’ uliwmalig’i;

-ilimiy metodti qollaniw uliwmalilig’i;

-aqil ha’reketinin’ uqipliliqlarinin’ uliwmalig’i.

Baslawish klasslarda su’wretlew wo’neri sabag’in alip bariwda pa’nlerdin’ wo’z- ara baylanisi to’mendegi tig’iz baylanisqan aspektlerge iye boladi: (zatlarg’a, ko’z- qaraslar aspekt).

I.Su’wretlew wo’neri sabag’inda mekteptegi basqa pa’nler boyinsha aling’an uqip, ko’nlikpe, bilimlerdi qollaniw.

II.Su’wretlew wo’neri sabag’i boyinsha toplang’an bilim, uqipliliq ha’m ko’nlikpelerdi basqa sabaqlarda qollaniw.

Uliwma bilim beriw mekteplerinde su’wretlew wo’neri sabag’inin’ basqa pa’nler menen baylanisina sha’rtli diqqat awdarilmay atir dep aytiwg’a bolmaydi. Ko’plegen mug’allimler su’wretlew wo’neri sabag’inin’ mazmunin basqa oqiw predmetleri menen baylanistiriwg’a urinadi, lekin woni ilimiy tiykarda iske asirmaydi ha’m wolardin’ usi bag’dardag’i talpiniwlari maqsetke muwapiq bag’darlanbag’an ha’m sistemalaspag’an xarakterge iye. Woqiwshilardin’ qaysi pa’n boyinsha bilimlerine su’yeniw kerekligin ha’mme mug’allimler bile bermeydi. A’sirese ko’rkemlew ciklindag’i ilimlerdi woqitqanda su’wretlew wo’neri, muzika, a’debiyat pa’nlerinin’ wo’z- ara baylanisi u’lken a’hmiyetke iye.

Baslawish klass oqiwliqlarinin’ ha’m oqiw metodikaliq a’debiyatlarinin’ da’stu’rlerin talqilap ko’rsek su’wretlew wo’neri pa’ninin’ oqiw sabag’i menen wo’z- ara tig’iz baylanisli ekenliginin’ gu’wasi bolamiz.

Atap aytqanda, baslawish klasslarda su’wretlew wo’neri menen oqiw pa’ninin’ wo’z- ara baylanisi ushin to’mendegi materiallar xizmet etedi: ertekler, gu’rrin’ler, timsallar, poemalar ha’m qosiqlar. Sonday- aq ko’lemi jag’inan kishkene bolg’an ta’biyat ha’m adamlardin’ miynet turmisi haqqindag’i a’debiy tekstler.

Bul baylanislar uliwma ta’lim beriwshi mekteplerdin’ bilim beriw protsesinde bir neshshe ko’rinislerde a’melge asiriladi:

-wo’tilgen materiallar tiykarinda baylanistiriw,

-wo’tilip atirg’an materiallar tiykarinda baylanistiriw,

-kelesi endi u’yreniletug’in materiallar tiykarinda baylanistiriw.

Mektep jag’dayinda a’sirese I- shi baylanis ko’rinisi ko’birek qollaniladi. Bul jag’dayda su’wretlew wo’neri pa’ni mug’allimi basqa pa’nler boyinsha wo’tilgen materiallarg’a su’yene wotirip, oqiwshilar menen birgelikte ko’rkem shig’armanin’ mazmunin, unamli ha’m unamsiz obrazlardi, qubilis bolip atirg’an jer, ta’biyattin’ ha’m turmistin’ ayriqshaliqlarin talqilaydi. Misali: Mekteplerde su’wretlew wo’neri sabag’inda tematikaliq su’wret saliw payitinda a’sirese oqiwshilar xaliq ertekleri tiykarinda su’wret saliwdi unatadi. Sebebi, baslawish klass oqiwshilari ertek tin’lawg’a, aytiwg’a ju’da’ qizig’adi. Wo’ytkeni erteklerdin’ tili wog’ada a’piwayi, qaharmanlari ziyrek, shaqqan, batir yag’niy jas wo’spirimlerdin’ ushqir qiyallarina, sheksiz a’rmanlarina say keletug’in, wolardi elede ken’irek qiyallawlarg’a eriksiz jetekleytug’in siyqirli mazmunlarg’a bay.

Woqiw sabag’inda ertekler tiykarinda oqiwshilar jaqsiliq penen jamanliqtin’, a’dalatliliq penen a’dalatsizliqtin’, hadalliq penen haramiliqtin’, qanag’atliliq penen ashko’zliktin’ birin ekinshisinen ayira biliw qa’siyetlerin hasil etedi. Na’tiyjede oqiwshilar su’wret saliwda usinday obrazlardi jaratiwg’a umtiladi.

Ertek tili qanshelli jen’il, a’piwayi bolg’ani menen baslawish klass oqiwshilari ertektegi unamli minez- quliq penen unamsiz minez- quliqlardi duris tu’siniwde ta’jiriybesizlik etedi. Sonliqtan mekteplerde woqitiwshilar oqiwshilarg’a ertekler mazmunin aytip bergende unamli ha’m unamsiz qaharmanlar kelbetin birin, ekinshisinen toliq ajirata alarliq da’rejede tu’sindirgeni maqul boladi ha’m kitaptag’i ertek tiykarindag’i islengen illyustratsiyalar ha’m reproduktsiyalardan ken’ paydalanadi. Demek, oqiwshilardin’ su’wret saliwi ushin biraz qolayliqlar tuwdiriladi. Yag’niy oqiwshilarg’a tanis bolg’an erteklerdin’ paydalaniliwi, wolardin’ su’wretlew wo’nerindegi bilimler sistemasinin’ ken’eyiwinde birqansha jaqsi na’tiyjeler beredi.

Su’wretlew wo’neri sabag’inin’ oqiw pa’ni menen wo’tilip atirg’an materiallar tiykarinda baylanisi, a’sirese oqiwshilardin’ aktivliligin arttiriwdag’i worni og’ada ulli. Sonin’ menen birge aynala- a’tirapimizg’a, ondag’i ju’z berip atirg’an qubilislar haqqinda mag’liwmatlardi biliwge ju’da’ qizig’adi. Sebebi baslawish klass oqiwshilari a’piwayi na’rselerge, egerde sol na’rseni birinshi ma’rtebe ko’riwi yaki esitiwi bolsa, qizig’ip kete beredi.

“Ertek qaharmanlarinin’ tulg’alarin islew” temasin wo’tiwde oqiwshilardin’ erteklerdegi haywanatlar kelbetin tuwridan- tuwri haywanat dep tu’sinip oni turmis penen baylanistira almay qaliw jag’daylari ushirasadi. Sonliqtan tu’lkinin’ hiylekerligi, jalataylig’i, eshkinin’ aq kewilligi, adamshilig’i, jolbaristin’ jirtqishlig’i usag’an qa’iyetler adam turmisi menen baylanistirilip, adamlar arasinda da wo’tirikshi, eki ju’zli, jalatay adamlardin’ bar ekenligin, bul ha’reketlerden awlaq boliwdi, saqlaniwdi eskertiw menen birge ras so’zli, a’dil, haq kewil, hadal boliwg’a shaqiramiz, Geypara temalardi wo’tiwde miynet su’yiwshilikke, wo’ner u’yreniw ta’jiriybeleri qa’liplesedi.

Uliwma su’wretlew wo’neri pa’ninin’ qaysibir temasin wo’tsekte oqiw sabag’inin’ mazmuni menen tikkeley baylanisip kete beredi. Woqiw pa’nlerinin’ wo’z- ara baylanisin tiklewde adamnin’, haywanattin’, qustin’, ja’nliklerdin’ ha’m ha’r qiyli predmetlerdin’ formalarinin’ qurilisin wo’zlestiriw u’lken a’hmiyetshilikke iye. Maqsetke muwapiq bag’darlang’an ha’m diqqatli tu’rde

“Woqiw kitabi” nin’ su’wretlerin ko’rip shig’iw oqiwshilarg’a adamlardin’ yamasa haywanatlardin’ denesi ha’r qiyli wo’lshemdegi mu’shelerden (misali: ayaq, qol, bas) turatug’inin tu’siniwge ja’rdem beredi. Sonin’ menen birge gewdenin’ ha’r qiyli jag’daylarda yamasa ha’r qiyli ha’rekette boliwina qaramastan wonin’ wo’lsheminin’ saqlanatug’inlig’inin’ gu’wasi boladi. Wonday baqlawlar oqiwshilarg’a elede sawatli yamasa qa’tesiz tu’rde adamnin’ yamasa haywanatlardin’ gewdelerinin’ ko’rinislerin, predmetlerdin’ formalarin duris su’wretlewine ja’rdem beredi.

Mekteplerde su’wretlew wo’neri boyinsha tematikaliq su’wret saliw sabaqlarinda oqiw sabag’inin’ materiallarin na’tiyjeli paydalaniw imkaniyati bar. Woqiw sabag’inin’ pa’nler- ara baylanisi to’mendegi formalar arqali a’melge asiriliwi mu’mkin:

1.Woqiw sabag’indag’i a’debiy tekstlerdi su’wretli etiw, yag’niy qa’legen bir tekst mazmuni tiykarinda su’wret saliw.

2.Aniq temanin’ tekstine tiykarlang’an halda su’wret saliw.

3.Woqiw kitabindag’i illyustratsiyani (su’wretti) a’debiy shig’armanin’ ayqinlig’in, mazmunin aship ko’rsetiwde, woni ko’rkem etip ko’rsetiwde qollana biliw.

4.Su’wretlew wo’neri sabag’inda klassta emotsionalliq jag’daydi wornatiw ushin a’debiy shig’armalardi qollaniw.

Su’wretlew wo’neri sabag’inda oqiw sabag’inin’ tekstlerin su’wretlew ushin to’mendegi I- IV klass oqiwliqlarindag’i tekstlerdi paydalansaq u’lken tabislarg’a erisiw mu’mkin: “Gu’z keldi”, “Gu’z” II- klass, “Paxta”, “Gu’zdin’ ka’ramati” III- klass, “Altin gu’z”, “Paxta tergish balaman” IV- klasstag’I tekstlerge jil ma’wsimlerinin’ wo’zgeshelik belgileri, adamlardin’ gu’zdegi miyneti, gu’zdegi ta’biyat ko’rinisleri sa’wlelengen.

Adamlardin’ biri- birine a’dep- ikramliq qatnasi, doslig’i, miyirmanlig’i, olardin’ ja’miyetimizdegi pidakerlik miynetleri “Yadin’da tut jan balam”, “Xaliq sinag’an balalar”, :Jan’a mektep bosag’asinda” II- klass tekstlerinde orin alg’an.

“Muz u’stinde”, “Sirg’anaq”, “Muzdag’i woyin”, “Jan’a jil yolkasinda”, “Yolka a’tirapinda” tekstlerinde qis ko’rinisleri, wondag’i qar babalardin’ is ha’reketleri, mekteplerdegi yolka bayraminin’ mazmuni wog’ada bay su’wretlengen.

Usi usag’an oqiw kitabinin’ ha’r bir teksti su’wret sabag’inda su’wret saliw waqitinda talqilanip u’yreniliwi mu’mkin. Bul arqali oqiwshilarda buring’i xaliq turmisi, ha’zirgi jan’a wo’mir, a’deplilik ha’m adamgershilik qaraqalpaq ha’m tuwisqan xaliqlardin’ ertekleri haqqindag’i bilimlerinin’ shegarasin ken’eytiwimizge jol ashiladi.

## ***2. Su`wretlew o`nerinin` oqıw, miynet, ta`biyat, sabaqları menen baylanısının` ta`rbiyalılıq a`hmiyeti***

Mekteplerde su'wretlew wo'neri shig'armalarinin' duris jobalastiriliwi sabaq mazmuninin' qiziqli, paydali boliwinda u'lken a'hmiyet beredi. Sebebi su'wretlew wo'neri sabaqlarinin' tiykarg'i waziypalarinin' biri oqiwshilarg'a ko'rkemlik bilim ha'm ta'rbiya beriwden ibarat.

Ko'rkemlik bilim ha'm ta'rbiya- bul oqiwshilardin' turmisindag'i, ta'biyattag'i, ko'rkem wo'nerdegi, adamlardin' wo'z- ara qatnasindag'i go'zzalliqlardi toliq tu'siniw uqibin ta'rbiyalaw ha'm go'zzalliq nizamlari tiykarinda tvorchestvosin wo'siriwden ibarat. Wo'ytkeni, go'zzalliq adamlardin' aqil woyina, kewil- ku'shine, erkine ta'sir jasap, ruwxiy du'nyasin bayitadi.

Su'wretlew wo'neri menen tanisiw turmistag'i ha'm ko'rkem wo'nerdegi go'zzalliqti tu'sine biliwge bag'darlang'an, qa'dirli ta'biyatqa, watang'a, ko'rkem- wo'nerge bolg'an muxabbatti rawajlandiriwg'a qaratilg'an boliwi tiyis. Gu'rrin'lesiw protsesinde mug'allimnin' tiykarg'i diqqati iskusstvo shig'armalarin tu'sinip aliwg'a, yag'niy wolardi, woqiy aliwg'a qaratilg'an boliwi kerek. Bul waziypalardi a'melge asiriwda mug'allim su'wretlew wo'nerinin' miynet ta'limi, ta'biyattaniw, ana tili, oqiw siyaqli pa'nler arasinda wo'z- ara baylanislarin esapqa alg'an halda jumis alip bariwi kerek. A'sirese su'wretlew wo'nerinin' oqiw pa'ni menen baylanisi oqiwshilardi ha'r ta'repleme ta'rbiyalawda og'ada u'lken rol tutadi.

Baslawish klasslarinin' a'depnama, ta'biyattaniw, ana tili, oqiw kitaplarinda ta'biyat, adamlardin' wo'miri, turmisi ha'm miyneti haqqindag'i mazmunlarda bir neshshe tekstler kiritilgen. Wolardi su'wretlew wo'nerisabag'inda qollaniw ko'rkem ta'rbiya beriwdin' da'm woqitiwdin' na'tiyjeliligin arttiradi.

-Birinshiden- bul tekstler balalarg'a oqiw sabag'inan tanis bolg'anliqtan oqiwshilar wo'zlerinde an'sat qa'liplestiredi. Sonin' menen birge woqitiwshig'a da bul materialdi oqiwshilarg'a tanistiriwda ko'p qiyinshiliqlardi talap etpeydi.

-Ekinshiden- bul materiallar ko'lemi boyinsha onsha u'lken emes, tu'sinikli tilde jazilg'an, oqiwshilardin' jas da'wirine qaray tan'lap aling'an.

-U'shinshiden- wolar joqari ko'rkemlilikke iye, oqiwshilardin' ayriqsha qizig'iwshilig'in woyatadi.

Misali, ta'biyattaniw pa'nindegi tekstlerdin' materiallari oqiwshilarg'a ta'biyattin', jil ma'wsimlerinin' ayriqshaliqlari haqqindag'i obyektiv ko'z-

qaraslarinin’ ko’rsetpelerin konkretlestiriwge ha’m teren’lestiriwge birqansha mu’mkinshilikler jaratadi.

Woqiw kitabindag’i ta’biyat haqqindag’i minanday tekstler: “Altin gu’z keldi”, “Gu’z”, “Qis ko’rinisi”, “Ba’ha’r ko’rinisi”, “Jazg’i dem alista”, “Jaz ma’wsimi”, “Ta’biyatqa sayaxat” h.t.b. materiallar mazmuni texnikaliq su’wret sabag’i ma’selesinde kiritiledi. Hawa rayin jeke baqlaw, wo’simlikler ha’m haywanatlar menen jaqin tanisiw, tekst materiallarin diqqatli tu’rde oqiw- bul oqiwshilardin’ ha’r qiyli ta’biyat qubilislarin ha’m jag’daylarin, wonin’ go’zzallig’in ha’m ullilig’in emotsionalliq qabillawg’a alip keledi. Na’tiyjede oqiwshilardin’ ana ta’biyat haqqinda, jil ma’wsimleri haqqindag’i oylaw ha’m boljawlari elede konkretlilew ha’m emotsionalliraq bolip keledi. Demek, bul so’zsiz jas- kishkene oqiwshilar su’wretlerinin’ ko’rkemliligine wo’z ta’sirin jasaydi.

Woqiwshilar tek g’ana estetikaliq ta’rbiya tiykarinda ta’rbiyalanip qalmastan, a’dep- ikramliliq, miynet, Watan su’yiwshi h.t.b. ta’rbiyalar tiykarindada qa’liplesip baradi.

Jil ma’wsimlerinin’ go’zzal ko’rinisleri “Gu’z”, “Qis”, “Jaz”, “Ba’ha’r” qusag’an tekst mazmunlarinda aship ko’rsetilgen. Usi ma’wsimlerdin’ ha’r birinde islenetug’in jumislar, wo’zine ta’n shirayli wo’zgesheliklerin oqiwshilar oqiw kitabinda wo’zlestirip alg’an bilimlerine tiykarlana wotirip su’wret saladi. Gu’zdegi jiyin terim mapazi arqali oqiwshilarda miynet ta’rbiyasin wo’siriw mu’mkin. Qaharman miynetkesh miynet alding’ilari, ka’sibinen kamal tawip atirg’an ata- analarimiz haqqinda so’z etemiz. Ha’r bir adamnin’ wo’z ana jeri, wo’z Ana- Wataninin’ keleshegi ushin miynet etiw kerekligin uqtiramiz.

“Ba’ha’r” degi jumislar arqali ja’miyetimizdegi ha’r bir adamnin’ ha’r qiyli tarawdag’i qiyin miynetleri (misali: diyxan atalarimiz, atizdag’i jumislar), mektep uchastkalarinda islenetug’in jumislar, qalaberse ba’ha’rdegi ta’biyat go’zzaliqlarin tu’sine biledi. Woqiw kitabinda su;wretlengen tereklerge, japiraqlarg’a ha’m gu’llerge qarap wolardin’ su’wretin saliw, wolardin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin u’yreniw arqali oqiwshilar ta’biyatqa ko’birek qizig’atug’in boladi.

Bunday sabaqlar oqiwshilar du’nyani ken’ ha’m ha’r ta’repleme ko’re biliwge, sonday-aq ko’riw arqali iye bolg’an ta’sirlerinin’ ko’lemin ken’eytiwge, zatlar haqqinda aniq ha’m toliq tu’sinikler payda etiwge ja’rdemlesedi.

Ba’ha’rde birneshe bayramlar wo’tkeriledi. Wolardin’ en’ tiykarg’ilarinan “Nawriz” ha’m “8- Mart” hayal- qizlar, apalar baayramlari. Usi temalarg’a tiykarlang’an halda su’wret saliw waqitinda oqiwshilar oqiw kitabi arqali wo’zlestirgen bilim ha’m ta’jiriybelerin iske tu’siredi. Anig’irag’i Nawriz- xalqimizdin’ milliy bayrami, wonda xaliq seyilleri, xaliq da’stu’rleri, ba’ha’rdegi adamlardin’ is ha’reketleri haqqindag’i mag’liwmatlardi elede wo’zlestirip aladi. 8- Mart- bizin’ Watanimizdag’i hayal- qizlardin’ wo’miri, xizmeti, miynettegi qaharmanliq isleri, baxitli turmisi, wolardin’ erkinligi, ten’ligi haqqindag’i woy- pikirlerin ja’nede toliqtiradi. Na’tiyjede oqiwshilardin’ sana- sezimlerinde ta’rbiya ma’selesi ha’r ta’repleme garmonikaliq jaqtan rawajlanip baradi.

Baslawish klass oqiwshilari Qaraqalpaq xaliq ertekleri tiykarinda su’wret saliw arqali adamgershiliktin’ tiykarg’i qa’siyetleri bolg’an miynet su’yiwshilikke, wo’ner u’yreniwge, qiyinshiliqti jen’iwdin’ jollarin tez taba biliwge ta’rbiyalaniw menen birge wolardin’ aqil- woyi rawajlanip wo’mirden wo’z baxitin tabiwg’a belgili ta’jiriybeler toplaydi.

Geypara xaliq ertekleri oqiwshilarg’a oqiwdi, ilimdi u’yreniwdi na’siyatlasa, geypara ertekler oqiwshilarg’a Watan su’yiwshiliktin’, Watan qorg’awdin’ nag’iz u’lgisin ko’rsetedi. Qaraqalpaq erteklerinin’ ishinde turmis ertekleri ken’ worin alip oqiwshilar er ha’m qiz balalar ten’ligin, waziylardi siylawdin’ da ma’nisin tu’sinip baradi.

Mug’allim ertekler tiykarinda su’wret saliw payitinda oqiwshilardin’ ertek mazmunin duris qabillawina erisiwi tiyis. Bul birinshiden qaharmanlardin’ a’dep- ikramliliq sanalarin duris tu’siniwge mu’mkinshilik berse, ekinshiden oqiwshilardag’i tiyisli ko’rkem ta’lim ha’m ta’rbiyaliq sezimler qa’liplesedi.

Demek su’wretlew wo’neri sabaqlarinda belgili temag’a arnalg’an ertek tiykarinda, mazmuninda su’wret saliwda, sol ertek boyinsha mug’allimnin’ wo’tkergen gu’rrin’lesiw jumislarinin’ a’hmiyeti ulli. Wo’ytkeni oqiw kitabindag’i burin esitip ju’rgen an’iz- a’n’gimeleri, ertekleri haqqindag’i bilimlerine su’yenip su’wret saliw oqiwshilarg’a birqansha jen’illikler tuwdiradi.

Uliwma oqiw pa’ni tiykarinda oqiwshilar do’geregindegi ju’z berip atirg’an wo’zgerislerdi tek islep qaliw menen sheklenip qalmay, tap wolardin’ xarakterli ko’rinislerin wo’z su’wretlerinde salip biliw mu’mkinshiliklerin de qa’liplestiredi.

## ***JUWMAQLAW***

Ulıwma ta`lim beriw mekteplerin qayta qurıwdın` tiykarg`ı bag`darlamalarında ayrıqsha dıqqat oqıwshılardın` estetikalıq ha`m ko`rkem ko`z-qarasın qa`liplestiriw ma`selelerine, su`wretlew o`neri arqalı jeke adamnın` garmonikalıq jaqtan qa`liplesiwine qaratılg`an.

Jeke adamnın` ko`rkem unamlı ko`z-qarası. Ulıwma xalıqtın` turmısqa estetikalıq qatnasının` tiykarg`ı ko`rsetkishi esaplanadı. Sonın` menen birge unamlı ko`z-qaras sol xalıqtın` o`z turmıs sharayatına, da`stu`rlerine, u`rp-a`detlerine bolg`an qatnası menen de tıg`ız baylanıslı.

Jaslardı ko`rkemlik jaqtan kamalg`a jetken, watang`a ha`m milliy o`nerge sadıqlıq ruwxında ta`rbiyalap jetistiriwde su`wretlew o`neri, atap aytqanda qa`lem su`wret pa`ninin` ornı ayırıqsha a`hmiyetli. Bul bolsa o`z na`wbetinde joqarı oqıw ornı fakul`tetlerinde oqıtılıp atırg`an arnawlı pa`nlerdin` teren` mazmunlı ha`m tiykarlı bolıwın talap etip, pedagog ha`m alımlar aldına u`lken wazıypalardı qoyadı.

Solay etip mekteplerde su’wretlew wo’neri sabag’inda da, basqa pa`nlerdede uliwma bag’darlamalardi woqip u’yreniwge yag’niy oqiwshilar ta’biyat qubilislari, go’zzalliqlari ha’m ja;miyettegi adamlardin’ is- ha’reketleri haqqinda duris tu’sinik aliwina mu’mkinshilik boladi. Sonin’ menen birge bul eki pa’nnin’ de en’ tiykarg’i waziypalarinin’ biri bul oqiwshilaeda turmis shinlig’i haqqinda tu’sinikti payda etiw, wolardin’ aqil- woyin, sana- sezimin ta’rbiyalawda en’ tiykarg’i worindi iyeleydi.

Woqiw sabag’i, ko’rkem a’debiyat, miynet, ta`biyat tanıw, matematika h.t.b. sabaqlar tematikaliq ha’m dekorativlik su’wret saliw sabag’inda ekinshi da’rejeli,- dep sanalmaydi, al wol en’ tiykarg’i material bolip, wonisiz su’wretlew wo’neri kursinin’ ma’selelerin sheshiw mu’mkin emes. Illyustratsiyalaw ha’m a’debiy shig’armalardi ko’rkemlik jaqtan bezewdin’ sirtqi ha’m ishki eskizlerin du’ziw, oqiwshilardin’ ko’rkemlik woy- pikirin, do’retiwshilik uqipliliqlarin, ko’rkemlik talg’am ha’m su’wretlew shinig’iwlarin rawajlandirip baradi. Bul shig’armalardin’ tanislig’i ha’m jaqinlig’i oqiwshilarg’a wolardin’ mazmunin qabillawdi aktivlestiriwge, ayriqsha qiyinshiliqsiz, u’lken qizig’iwshiliq penen wo’zlerinin’ qaharmanlarin, ta’biyat penen baylanistirip, turmis, tuwilg’an u’lkesinin’ arxitekturasi menen baylanistirip su’wretley aliwina mu’mkinshilikler jaratip beredi.

Su’wretlew wo’nerinin’ basqa ko’rkemlik tsiklindag’i oqiw (a’debiyat), muzika, miynet, ta`biyat tanıw, matematika h.t.b. pa’nleri menen bolg’an wo’z- ara baylanisi ko’rkemlik ta’rbiyanin’ effektivliligin ko’teriwdin’ a’hmiyetli faktori bolip tabiladi ha’m uliwma bilim beriw mekteplerindegi oqiw pa’nlerinin’ mazmunin spetsifikasina tiykarlang’an bilim sistemasin qa’liplestiriwge xizmet etedi.

Ha’r qiyli ko’rkemlik tsiklindag’i pa’nlerdin’ birgeliktegi ha’reket etiwi maqsetke bag’darlang’an halda ha’m izbe- izlik penen wo’tiliwi sha’rt. Pa’nler- ara baylanisti sistemali qollaniw jan’a- jan’a basqishta oqiwdin’ sapasin ko’teriwge ja’rdem beredi ha’m oqiw, bilim aliw protsesin an’satlastiradi. Joqarida u’yrenilip shig’ilg’an oqiw ha’m su’wret pa’nlerinin’ wo’z- ara baylanisi ma’seleleri de usi kelip shiqqan juwmaqqa toliq juwap beredi dep isenemen.

Demek solay eken, keleshek a’wladti, mektep oqiwshilarinin’ bilim ha’m ta’rbiyasin ha’r ta’repleme rawajlandiriwda menin’ de wo’z u’lesim bar,- dep woylayman.

## ***Paydalanilg'an a'debiyatlar:***

I. A.Karimov. «Bizdan ozod va obod Vatan qolsin».T., 1994

2.I.A.Karimov. «Bunyodkorlik yo`lidan». II-tom, T., 1996

3. I.A.Karimov. «Barkamol avlod orzusi». Toshkent. 1999

4. I.A.Karimov. «Yuqori ma`naviyat-engilmas kuch».Toshkent. 2008

5.Safo Ochil «Mustaqillik ma`naviyati va tarbiya asoslari». (O`zbekiston Respublikasi Prezidenti, akademik

6. Kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`ri Tashkent-1997j

7. Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde su`wretlew o`neri ta`limi kontseptsiyası. Tashkent -1995j

8.Su`wretlew o`neri. Ulıwma orta bilimlendiriwdin`

ma`mleketlik ta`lim standartı ha`m oqıw da`stu`ri Tashkent – 1998j

9. Abdirasilov S., N. Tolipov N. Rangtasvir. -T.U` Bilim, g`00o`.

10. Azimova B.Z., Rajapov R., Abdirasilov S.F. Tasviriy san`atga oid atamalarning izoxli lug`ati. Toshkent 1994.

11.Barsh L,O. Nabroski i zarisovki. M., 1970.

12.Boymetov B. Badiiy-Grafika fakul`teti a`-kurs sirtqi bulim talabalari uchun qalamtasvirdan metodik tavsiyalar- ToshkentU` 1992.

13.Boymetov B. "Qalamtasvir". Darslik 1-qism.- Toshkent, 2006.

14.Boymetov B. Qalamtasvir o`qitishning ilmiy asoslari. Metodik tavsiyalar. T.. 1995.

15.Berdimuratov E., J.Pirniyazov, K.Allanazov 2-3-4 klasslar ushin "oqiw kitabi" No'kis "Bilim" 1993

16.Baranov S.P. Bolotina L.R Slastenin B.A. "pedagogika" Qaraqlpaqstan-1989

17. Barsh L.O. «Nabroski i zarisovki» M.1970

18.Egamov X R.Xasanov "1,2,3,4 klasslar ushin "su'wretlew wo'neri sabaqlari" No'kis "Bilim"

19. Hasanov R.X. “Metodicheskoe osnoviy xudojestvennogo obrazovaniya i vospitaniya uchashixsiya” T- 1990 “Fan”

20. R.Hasanov «Maktabda tasviriy san`at wqitish metodikasi». Toshkent - 2004 «Fan».

21. R.Xasanov «Metodicheskie osnovı xudojestvennogo obrazovaniya i vospitaniya uchashixsya v uzbekskoy shkole».Toshkent -1990 «Fan».

22. Hasanov R. Tasviriy san`atni o`qitish metodikasidan amaliy mashg`ulotlar. O`quv qo`llanma. 1,2 qismlar. – T TDPU, 2006.

23. Hasanov R. Tasviriy san`at. Birinchi sinf o`quvchilari uchchun darslik. – T.:, 2006.

24.Rostovtsev N.N. «Metodika prepodovaniya izobrazitel`nogo iskusstvo v shkole» Moskva -1980 «Prosveshenie».

25. I-IV klasslar ushin bag’darlama Woqiw ha’m su’wretlew wo’neri pa’nleri boyinsha. “Bilim”- 1993 jil. No’kis

26. www.ziyonet.uz

27. www.edu.uz

28. www.pedagog.uz

29 .www.nbgf.intal.uz